

*ЦIИЯЛ ХАРБАЛ*

**ЧIилда росулъ ясли-ах рагьана**

стр. 2

*УНГЕ, ЛЕ, ЦIОРАЛДЕ!*

**Церехъабазул кучIдул**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 4 * 14 март 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб цо нухалъ. Багьа 10 гъ.


РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

## НИЖЕР КУЛИ БЕРЦИН, КОЛОБ ХУР БЕРЦИН

### Культураялъул сон ва гьелда тIаса пикраби

**Исана 2014 сон лъазабун рагIула Россиялдаго культураялъул сонлъун. Гьелда рекъон, киса-кирего тIоритIизе руго культуриял тадбирал: кьурдиялъул, кучIдул ахIиялъул, гьел гьариялъул ва цIалиялъул конкурсал, театрал, балетал ва гьел гурел цоги батIи-батIиял жал.**

Нилъер районалъул нухмалъузги бицун букIана райадминистрациялда тIобитIараб данделъиялда, культураялъул сон тIадегIанаб даражаялда тIобитIизе кколин, рехсолел рукIана гьаризе кколел тадбирал. Театр ва балетгун операги кинха нилъехъе щвелеб, балагьараб мехалда аслиял тадбирал рукIине руго кьурдиялъул ва кучIдул ахIиялъул. Нижеда ракIалда букIана «ЛъаратIа» газеталъул гьаб номералда гьел киналго культураялда хурхарал суалалги кьун, районалъул культурияб управлениялъул нухмалъулев ИсмагIилов ГIубайдулагьилгун гара-чIвари кьезе, амма отпускалъ ун ватана, гара-чIвариги нахъе бахъизе ккана. Кин бугониги, культуриял тадбирал абураб жоялъул пикру гьабурабго, ракIалде рачIуна цереккун рихьарал гьединал тадбирал.

Дида ракIалда буго гьитIинав вас дун вукIаго нижер росулъе рачIарал ЛъаратIа культурияб рукъалъул хIалтIухъабазул церерахъин. Тункун цIураб росдал клубалде рорчIуларого рекерахъдулел лъималазда гьоркьов дунги вукIана. Мариям МухIамадгIалиева, Джамилат МухIамадгIалиева, Кьанадаса Муртуз (фамилия кIочон тана), Ибрагьим Ибрагьимов ва гьел гурел цогидал кочIохъабаз ахIулел рукIарал лъикIал кучIдул дида гьанжеги ракIалда руго, гьезул цо-цоял рекIехъеги лъала. РакIалда руго халкъияб формаги ретIун, мугъзада гулгунги бан, ялъуни кодоб харицелги ккун кьурдулаго ахIулел кучIдул.

**«Нижер кули берцин, колоб хур берцин,**
**Хурил ясал берцин, ЛъаратIа район»,** -

абун ахIулеб букIана. Дие гьеб кочIоца кIудияб асар гьабулаан, ва гьанжеги гьабулеб буго. Гьелъ бижизабула инсул ватIаналде рокьиги, кочIолъ рехсолел гьелъул тIокIлъабаздаса чIухIиги. Гьединал кучIдуз бихьизабула гIагараб районалъул васазул кьвариги, ясазул недегьлъиги, мугIрузул тIабигIияб берцинлъиги ва цоги гIадатиял рагIабаздалъун кьезе кIолареб сипат-суратги.

Амма хадув дун кIудияв гIуравго цере кIанцIун рачIана цо батIиял гIадамал. Эстрадагун ямахаялъул агьлуялъ тIубанго хисун лъуна кечI-макъан. Мех-мехалъ рагIула цояздаса цоял магIна гьечIел, азарго нухалъ ахIарал, рагIараб мехалъ лагIизе бачIунел кучIдул.

**Ясай мунго кинай жо, квердего ячIунарей,**
**КигIанго мун гьайбатай, рокьул къимат лъаларей...**
Ялъуни: **Дида мун щиб лъалей, лъебелазул яс**
**Лъебелазул рохьой йихьи гурони...**

Лъебелазул ясал рохьорищ рукIунел? ТIокIал гьел рихьизе бакIгойищ батичIеб, росабиги тун лъебелазул ясал киналго рохьаздейищ арал? МагIна гьечIеб кечI букIин гIечIого, кочIохъабиян цере рахъулел чагIаца цоцазухъа бахъун ахIулеб буго гьеб жо. Кутакалда гIакъилаб куцги гьабун, цо дунялгIаламалъе кIвар бугеб иш гьабулев гIадин цевеги вахъун ахIулеб буго:

**«Рокьи дуца гьабуни берал дирги чалухал,**
**Чидахъ мун ялагьани ясал дирги гIемерал».**

ЧIобогояб, тIадагьаб, бихьинчиясда рекъечIеб кечI.

Ялъуни:

**«Ясай щай мун нечолей, щай дунгун кIалъаларей,**
**МагIарул яс нечоге, ячIа дунгун дандчIвазе».**

ПасихIлъи бихьуларищ гавурасул, битIахъе черхалда гъаргъар базабула. ХIасил калам, гьадинал ва гьазда релъарал гурони кучIдул рагIулел гьечIо ахираб заманалда. КъотIана дол тIоцебе рехсараб кечI ахIулел кочIохъабазул гьаракь. Кинабго кверде босун буго гьимгьидулаго кодоб микрофонги ккун чIорогоял чIанда-кучIдул ахIулеб къавмалъ. Бокьилаан исана культураялъул соналъгIаги гьезул сас къотIани.

**Расул АБАКАРОВ**

ДАНДЕЛЪИ



## ХIИСАБАЛ ВА ХIАСИЛАЛ ГЬАРУНА

### РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА ИРГАДУЛАБ ДАНДЕЛЪИ ТIОБИТIАНА

**Щибаб моцIалъул ахиралда районалъул администрациялъул кIалгIаялда тIобитIула моцIрол хIасилал гьарураб ва хадуселде масъалаби цере лъолеб данделъи. 25-абилеб февралалдаги тIобитIана гьединабго мажлис. РакIарун рукIана районалъул киналго отделазул нухмалъулел, росабазул администрациязул бутIрул ва цо-цо цере хъулухъазда рукIарал, хъулухъчагIузул кьеразулъ чIезе бокьулел, ялъуни цIияб хъулухъалде ишан босарал гIадатиял гIадамалги. Щал гьелали лъазе бокьун батани хадусеб данделъиялде рачIа.**

ТIоцебесеб иргаялда районалъул бетIер Ражабов Ражабица заседание байбихьана араб 23-абилеб февралалъул праздник баркиялдалъун ва хадубги хIисаб гьабуна кинаб букIараб араб моцIги, цере лъурал масъалабиги, гьарурал хIалтIиялги.

Заседание байбихьигун тIоцебе рагIи кьуна ЛъаратIа РОВД-ялъул начальник Къурбанов Къурбание ва гьоркьоб лъуна тIоцебесеб суал – 2013 соналъ ЛъаратIа районалда букIараб оперативияб ахIвал-хIал.

Къурбаница гIемер халат бахъичIого байбихьана 2013-абилеб соналда районалда ккарал лъугьа-ахъиназул ва гьезда хурхун гьарурал хIалтIабазулги бицине.

Араб соналъ ЛъаратIа районалда ккун бугила 39 такъсир ва цоги лъугьа-бахъин. Гьезда гьоркьоса 16 такъсир буго экономическияб. ЦIакъго кIвар кьун бицана терроризмалдаса бугеб хIинкъиялъулги, гьеб нилъер районалде биччангутIиялъе гIоло гьаризе ругел хIалтIабазулги. Кинабниги Дагъистаналда регистрация гьабун рагIула 295 терроралда хурхараб хIужаялъул.

Цо-цо магIарулазул районазда бугеб ахIвал-хIал нилъер районалде биччангутIиялъе гIоло, жиб-жиб росдал жамагIаталъги, участковиязги кIвар кьезе ккола терроризм ва экстремизм нилъер районалде лъугьун гутIизеян бичIчIизабулеб букIана Къурбаница. Гьеб кин абуни, ай щивав чияс кIвар кьезе ккола жиндир гIун вачIунев вас щиб гьабулев вугев, щиб цIалулев вугев ва сундехун ругьунлъулев вугевали. Киналго участковиялги жиде-жидерго бакIалда хIалтIуда рукIине ккколинги лъазабуна. Гьединго ракIалда щвезабуна районалда ккарал ДПП-язулги, изну гьечIого яргъид гIуцIаразулги ва гь.ц.

Къурбан хIалтIуда лъугьун цо сон гурони инзеги инчIо, гьабураб хIалтIудаса жив тIубанго рази гьечIиланги бицана. Аслияб гIунгутIилъун гьес рикIкIунеб буго, лъай бугел, жиндир хIалтIи бажарулел хIалтIухъаби дагь рукIин. Гьеб иш лъикIлъизе гIоло гьарулел руго цIиял хIалтIабиян бицана гьес. Каламалъул хIасил, полициялъ жидеда тIадаб хIалтIи гьабулеб бугин, хадубккунги жеги лъикI гьабизе бугин рагIи кьуна начальникас. БатIаго гьелда дагIба балев чи залалдаги ватичIо.

Хадуб рагIи кьуна райадминистрациялъул экономикияб комитеталъул нухмалъулев ГьитIинов ТIинамухIамадие. Гьес бицана комитеталъ гIуцIараб 2014-2018соназ район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъул хасаб программаялъул хIакъалъулъ. *(Гьелъул хIакъалъулъ цIале 7-абилеб гьумералда).*

Гьединго рагIи кьуна заместитель главы МО Абдулхаликов Рамазаниеги.

Рамазаница цIакъго къокъ гьабун бицун тана кин тIобитIизе бугеб исанасеб культураялъул сон, гьелда хурхун кинал хIалтIаби тIоритIизе ругел ЛъаратIа районалда. ГIуцIизе кколила концертал, мероприятиял гьарулеб комитет, кинабго гьелда рекъон хIалтIаби гьарулеб къокъа. ГIицIго районалда жаниб букIине ккола ункъо щугогIаги культурияб тадбирин бицана гьес.

Гьедин лъугIана райадминистрациялда иргадулаб данделъи.

**Расул АБАКАРОВ**

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ЧIИЛДА РОСУЛЪ ЯСЛИ-АХ РАГЬАНА



**25 февралалда ЧIилда росулъ тIобитIана цIияб ясли-ах рагьиялъул тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъул бетIер Ражабов Ражабица, райсобраниялъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулаев ГIабдулаца, Хидиб администрациялъул нухмалъулев ГIабдулатIипов ГIабасица ва цогидаз. ЦIи рагьараб яслиялда буго 15 лъималъе бакI. Росдал администрациялъул нухмалъулев ГIабдулатIипов ГIабасил рагIабазда рекъон, ясли буго лъикIаб, цIиял тIалабазда рекъон гьабураб. Гьениб лъималазе руго церетIурал шагьаразда ругел яслиязда ругел гIадинал шартIал, кванил нигIматаздаса байбихьун, регарахъунел бакIазде щвезегIан. ЦIияб яслиялдаса разилъи загьир гьабуна лъималазул эбел-инсуцаги, ЧIилда росдал гIадамацаги.**



Райадминистрациялъул нухмалъулезул рагIабазда рекъон, ясли-ахал руго чара гьечIого хIажатал ва гьанжесел шартIазда гIумру гьабулел гIадамазе къваригIарал идараби. Гьединлъидал, районалъул социалияб рахъ цебетIеялъул тадбирал гьарулаго тIоцебесеб иргаялда кIвар кьезе буго ясли-ахазе ва школазе. Гьел къваригIаралъур рагьизе руго, хашаб хIалалда ругел лъикIлъизариялда тIад хIалтIизе руго. Гьединаб магIнаялъул кIалъай гьабуна данделъиялда райадминистрациялъул бетIер Ражабов Ражабица.

ЛъаратIа районалда официалияб къагIидаялъ хIалтIулеб буго 28 ясли-ах ва гьенир гIаммаб къагIидаялъ руго 510 лъимер. Гьел киналго ахазе нухмалъи гьабула районалъул лъайкьеялъул управлениялдаса. Гьениса нижехъе щварал баяназда рекъон, щибаб лъимералъе щибаб къоялъ квание биччалеб буго 35 гъуруш. Гьаб соналъул тIоцебесеб апрелалде щвезегIан къолеб букIана 25 гъуруш.

Нижехъе церего щварал баяназда рекъон, районалда гIемер ахал руго гьезего гьечIел лъимал ругиланги хъван, гьезул щибаб лъимералъе букIине гIарац босулел. Нижеца тIадехун рехсарал официалиял, ай кагътида ругел лъималазул къадарги, хIакъикъиял, щибаб къоялъ яслиялде унел лъималазул къадарги гIемерго батIияб букIине бегьула. Ясли-ахазул нухмалъулел киназдего гIагарун рази гьечIо биччалеб гIарцудаса. Гьезул рагIабазда рекъон, 35 гъуруш лъимер ваназабизе гIолеб гьечIо. Цебеккун нижеца хъвавухъе, ясли-ахазул нухмалъулез гIарз бахъулеб буго жиндир заманалда гIарац биччангутIиялда хурхунги. Гьедин бицун букIана редакциялде гьоболлъухъ щварав Гьенеколоб росдал ясли-ахалъул директор МухIамадов ГIабасица.

«Хашаб минаялъул, кванил даражаялъул хал гьабизе регIун рукIунаро, хаду-хадуб лъималазе щиб кьезе кколеб лъаларого», - ян бицана гьес. ГIабасил рагIабазда рекъон, 11 лъимер бугеб ясли-ах буго 1968 соналъ бараб, цебеккун колхозалъул контора букIараб, хадуб школа букIараб басрияб минаялда жаниб. Гьенир унго-унгоял шартIал чIезаризе цIакъ захIмат буго, цIияб мина базе ккараб ахIвал-хIал буго цебегоялдаса нахъе, амма гьелъие рес гьабсагIаталда гьечIин бицана гьес.

ХIалтIи гьабизе бокьарабго бегьулеб букIин мухIканлъана ЛъаратIа цIияб ясли-ахх базе гьабулеб хIаракат бихьарабго. Райцентралда балеб буго цIияб ясли. Риидалидаса нахъе гьениб гIезегIан кIудияб хIалтIи гьабун буго. ЧIилда рагьараб цIияб яслиги гьеб рахъалъ гьабулеб кIудияб хIалтIул цебехъанлъун бихьулеб буго.



ЛъаратIа райцентралда балеб ясли-ахалъул мина

НИЖЕР МУХБИР

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# ЦIАДУЛ БАЛАГЬАЛДАСА КИН ХВАСАРЛЪИЛЕЛ?



**Январалъул анцIила лъабабилеб къоялъул сагIат лъабго тIубараб сардилъ, цIа ккун бухIулеб бугоан почта ва аскIоб бугеб буфетги. Цо-цо харбазда рекъон, гьеб цIа ургъунго тIамураб буго. Амма, ракьа гьечIеб мацIалъ бокьараб бицула, амма цIа кин ккарабали экспертизаялъ чIезабила.**

Районалъул жамагIат къватIиб бахъун букIана, амма гьабизе кIолеб жо щибниги букIинчIо, аскIоб гьечIеб лъим,къвагьулеб шифер, гьединго хIинкъи букIана газалъул балон къвагьиялдаги. БежIаса бачIараб пожарниязул машинаги цIорон бугоан, лъим гьез добаго цIун букIун буго. ТалихIалъ инсанасе хатIа ккечIо гьеб цIаялъ.

Кин бугониги, бекун хадуб цIер данде гьабуларо, хIажатаб буго районалда кIигогIаги цIа свинабулеб машина. ЦIа свинабулеб штаб рагIула районалда рагьулеб, амма гьеб штаб балелде цебе кIиго машина районалда букIани квеш букIинароан. Дир рекIелъа кидаго инаро ТIалцухъ росулъ цIа ккун ригь бухIи, чIужугIаданалъул гIоди,берзда цебе захIмат цIан гьабураб магIишат бухIулеб заманалда. Гьеб буго бокьарав чиясда бихьизе рес бугеб жо. РакIалда буго гьединго чанго соналъ цебе рукъалда цIа ккун къватIир кIанцарал чагIазда ракIалде щун буго гьениб лъимер хутIараб. Гьеб гьитIинаб лъимер хвасар гьабизеян жанив кIанцIарав гIолохъанчиги хвана гьенив. Аллагьас цIунаги гьединал балагьаздаса. ЦIа буго кIудияб балагь, гьеб гьукъизе ккани дагьабго жигар хIажалъуларо, цIакъго кIудияв балагьазе рачине рес буго гьелъ. Мисалалъе, ЦIунтIа мухъалда чанго соналъ цебе цIа ккун цо росулъ бухIана 80 рукъ. Дагьалъ цебеги гьединабго цIа ккун бухIана 10 рукъ. Нилъер районалъул Гьенеколоб росулъги гьеб балагьалъ къварид гьаруна гIадамал араб соналъул риидал.

МагIарухъ рукъзал рухIулел руго цоялда хадур цоял, цоцада цун ран рукIиналъ. ТIадеги, гьенибе лъим щвезабиялъул масъалаги буго. ТIубараб райцентралда цIа свинабулеб машина гьечIолъи гьеб цебего кIвар буссинабизе ккараб хIужа буго. «ЛъаратIа» газеталда цебеккунги борхун букIана гьеб масъала, амма гьанжеги гьелъул бицине тIамулел руго цIиял цIа ккеялъул хIужабаз. ЦIа ккеялдаса цIунун гьечIо районалда ругел школалгун ясли-ахалги. Районалъул цIа ккеялда данде чIараб отделалъул нухмалъулев ГIабдулаев АхIмадил рагIабазда рекъон, районалда цониги школа гьечIо цIа ккеялдаса цIуниялъул нормаялда рекъон хIалтIулел. Законалда рекъон гьел школал хIалтIизе бегьуларо. Амма гьечIо гьелъие тIокIал ресал, школазул директораз лъазабулеб буго жидехъе законалъ тIалаб гьабулеб къагIидаялъ гьел школал цIадудаса цIуниялъул шартIал гьаризе гIураб гIарац гьечIилан. Нагагьлъун цо къоялъ лъмалазе къварилъи ккани, нилъ кIудиял рукIине руго гIайибиял. Гьелде кIвар кьезе ккола щивас.

ЦIа свинабулел машинаби тIалаб гьари батIаго гьабизе бажарулареб иш гуро. Гьеб буго чара гьечIого хIажат бугеб жо. Нилъер районалъе республикаялдаса хIажатаб жо тIалаб гьабизе ресал ругилан бицунеб буго районалъул нухмалъулез. Гьаб суал кватIичIого рагIалде бахъилилан ккола.

ЧАКЪАЛОВ



БухIараб почалъул мина

ПИКРУ

# ХIАЛТIИ ЛЪИКI ГЬАБУНАНИ БАЧIИНГИ РАКIЧIАРАБ БУКIИНА

**Нилъер районалъул имамас, росдал дибирас, эхеде щварав духовенствоялъул вакилас нилъер райцентралда ва росабалъ ругел дибирзабаз, шаматI ва гьатIан къоялъ мадрасалда битIун цIализе ва гьаркьал рахъине малъулел руго.**

Гьеб хIалтIи цебеккунго гьабизе ккараб букIана. ГьабсагIаталда АхIмадхIажияс малъулеб лъикIаб хIалтIи буго, битIун цIализе лъаларев чияс хвел-хобги тIобитIизе бегьуларо, ай битIун цIализе лъачIони гьелъ батIияб магIна кьезе бегьула. Дун битIун цIализе яги гIараб мацI лъалев чи гуро, дида хIалицаго лъала гIажамалъ хъвазе ва цIализе. Нилъер райцентралъул дибир Ибрагьим-хIажилгун гарачIвариялда дица гьесие кьун букIана гьадинаб суал: «БитIун къулгъу цIализе лъаларев чияс къулгъу бахъулаго гьелъухъ гIенеккарав битIун цIализе лъалев чиясе мунагь букIунищ?» Гьес жаваб кьуна, мунагь букIунин ва гьев гьоркьов къотIизавизе ккелин.

Цере коммунистазул заманалда бальго малъулаан исламияб гIелму, гьанже бокьухъе биччан буго ислам, гьеб лъицаниги гьукъун гьечIо хIукуматалъул хIалтIуе квал-квал гьабичIони. ЛъикIаб лъай бугев чияс щибаб росулъ гIун бачIунеб гIел малъанани, гьез босула малъарабги ва битIунги цIалула, чIахIиязе захIмат букIина. БетIергьанас кьеги гьазие тавпикъгун сахлъиги , гIун бачIунеб гIелалъе битIараб исламияб лъайги, тарбияги кьезе. Хабар лъикIаб рагIайги.

ЧАКЪАЛОВ

ДИН ВА ГІУМРУ

# Иманалде гІагарлъуларо сабруялдалъун гурони

**Жакъа нилъеда бихьула сабру гьечІолъиялдалъун гІадамазда гьоркьор кколел питнаби, чІвай-хъвеял ва ригьнал риххи. Гьеб кинабго буго Аллагьас шаргІалда бихьизабураб къагІидаялъ гІадамал хьвадунгутІиялъул хІасил. Сабруялдалъун батІа бахъула инсанасул тІабигІаталъул берцинлъиги хъублъиги.**

Сабру гьабулев Аллагьасе вокьула, ццим бахъунев щайтІаналъе вокьула. Аллагьасде гІагарлъи гьечІо иманалдалъун гурони, иманалде гІагарлъи гьечІо сабруялдалъун гурони. Аллагь разилъаяв ГІали-асхІабас абун буго: «Иманалда жаниб сабру, къаркъалаялда жаниб бетІер гІадин буго, бетІер гьечІев чиясул къаркъала букІунаребгІадин, сабру гьечІев чиясул иманги букІунаро», - ян. Сабруялъул хиралъи Къуръан-хІадисалда гІемер бицун буго. Аварагасда ﷺ Аллагьас ﷻ амру гьабулеб буго капурзабазул заралалде сабру гьабейин. Аллагьас ﷻ Къуръаналда абулеб буго: **«Дуца сабру гьабе цере рукІарал аварагзабаз гьабураб гІадин»**. Гьединго, муъминзабазде хитІаб гьабун Аллагьас ﷻ абулеб буго: **«Ле, иман лъурал гІадамал, нужеца гъазаваталда сабру гьабе»**.

Цогидаб аяталда буго: **«Ле, иман лъурал гІадамал, нужеца киналниги ишазулъ Аллагьасдаса кумек тІалаб гьабе сабруялдалъун ва как баялдалъун, хІакълъунго, ТІадегІанав Аллагь сабру гьабулелгун цадахъ вуго»**. Гьединлъидал, Аварагас ﷺ пашманлъи, къварилъи тІаде бачІиндал как базе лъугьунаан ва цебе рехсараб аят цІалулаан. Аллагьас ﷻ аяталда рехсеялдалъун сабруги как байги хас гьабуна. ЩайгурелъулЪ, батІинияб гІамалаздаса черхалъе сабру гьаби бищун захІматаб буго, загьирияб гІамалазулъ как бай бищунго захІматаб бугеб гІадин.

Аллагь разилъаяв ИсмагІил ХІакъияс «РухІул Баяналда» хъвалеб буго: «ЗахІмалъи тІаде бачІиндал сабру гьаби лъикІлъиялде нух буго, тавбуялъул байбихьи мунагьазда сабру гьаби буго, зугьдалъул байбихьи (дунял рехун тей) мубахІаб, ай гьабизе бегьулеб ва чорхое рахІат щолебгІадаб жо тей буго». Аллагьас ﷻ Къуръаналда сабру гьаби 70 бакІалда рехсана, лъикІлъаби гІемерлъиялъе ва даражаби рорхиялъе пихьлъун гьеби гьабуна. Аварагас ﷺ хІадисалда абулеб буго: **«Къуватав чи гуро жиндир къаркъалаги кІудияв, живги киназукьаго бергьунев. Къуватав чи вуго ццим бахъараб мехалда жиндирго напсалда кверщелги гьабун сабру гьабулев»**.

Аварагас ﷺ хІадисул къудсиялда бицунеб буго: **«ТІадегІанав Аллагьас абула: дица муъминчиясул цо гІагарав чи хвезе гьавуни ва гьес Аллагьасе гІоло сабруги гьабуни, дир гьесие кьезе алжан тун батІияб жо гьечІо»**, — абун.

Исламалъул байбихьуда ислам босарал мискинзабазе бечедал капурзабаз гІакъуба кьолеб букІана. Бищунго гІакъуба кутаклъараздаса ккола ГІаммар бин Ясирил хъизамги. Гьеб мискинаб хъизамалъе гІакъуба кьолеб бакІалда аскІоса унев вукІарав Аварагас ﷺ абуна: **«Сабру гьабе, Ясирил хъизам, хІакълъунго, Аллагьас нужее алжан хІадурун буго»**, - ян. Абу Гьурайратица бицараб хІадисалда буго: **«Муъминчиясде тІаде бачІунаро унти, пашманлъи, ургъел, зарал ва гьесул хІатІида къаларо заз, гьелдалъун гьесул мунагьал чурун гурони»**.

Цогидаб хІадисалда буго: **«Муъминчиясдасаги муъминай чІужугІаданалдасаги балагь нахъе унаро гьез Аллагьгун дандчІвай гьабизегІан мунагьаздасаги вацІцІалъун»**. Аллагьас сабру гьаби инсанида хас гьабун буго, хІайваназе кьун гьечІо гьел мукъсанал рукІиналъе гІоло ва малаикзабазе кьун гьечІо гьел камилал рукІиналъе гІоло.

Сабруялъул рукІуна батІи-батІияб даражаби. Цо букІуна гІибадаталда сабру гьаби, мунагьал гьаричІого чІей. Аллагьас ﷻ Къуръаналда абулеб буго: **«Нужеца сабру гьабе радал-бакъанида Аллагьасул ﷻ разилъи тІалаб гьабун гьесда гьарулезда цадахъ, нужеца гьездаса beралги нахъе росуге»**. Гьединго, букІуна тІаде бачІараб балагьалда сабру гьаби.

Аварагас ﷺ хІадисул къудсиялда абулеб буго: **«ТІадегІанав Аллагьас абуна: дица лагьасде тІаде балагь биччараб мехалда, батІалъи гьечІо гьесул черхалде букІа, лъималазде букІа, боцІуде букІа ва цинги гьес гьелда дандчІвай гьабуни берцинаб сабруялдалъун, къиямасеб къоялъ дун нечола гьесие цІадирабиги лъун хІисаб гьабизе»**. Гьединлъидал, чІахІияб асхІабзаби ва имамзаби унти, захІмалъи бачІиндал рохулаан Аллагьас ﷻ мунагьал чурулин абун.

Аварагас ﷺ хІадисалда абулеб буго: **«Сабру лъабго батІияб буго, Аллагьасе ﷻ тІагІаталда сабру гьаби, тІаде бачІараб балагьалда сабру гьаби, мунагь гьабичІого чІеялда сабру гьаби. Щив чи вугониги тІаде бачІараб балагьалда сабру гьабун, Аллагьас ﷻ гьеб нахъе босизегІан, Аллагьас ﷻ гьесие хъвала 300 даража.**

**Щив чи вугониги Аллагьасе ﷻ тІагІаталда сабру гьабун, Аллагьас ﷻ гьесие хъвала 600 даража. Щив чи вугониги мунагь гьабиялдаса сабру гьабун, Аллагьас ﷻ гьесие хъвала 900 даража, щибаб даражаялда гьоркьоб ракьул ахадаса гІаршалдегІан манзил бугеб»**.

Сабру гьабизе ккола тІаде балагь бачІараб сагІаталъ. Бухарияс бицараб хІадисалда абулеб буго: **«ХІакълъунго, сабру балагь тІаде бачІиналъул авалалда букІуна»**. ХІадисазда кири кьеялдалъун бицараб сабруги гІалимзабаз тІоцебе гьабулеб сабруялде бачунеб буго.

Цо-цо асхІабзабаз абуна: гІакъилав чиясе рекъола балагьалъул авалалда сабру гьабизе, щуго къоялдаса хадуб сабру ахІмакъасги гьабула. Жинде балагь-къварилъи бачІарав чиясе абизе рекъола: **«Инна лиЛЛагьи ва инна илайгьи ражигІуна, Аллагьуммаъжурни фи мусибати вахлуф гІалаййа хайран мингьа»**. МагІна: *«Ниж дунялалда ругел*



*мехалдаги Аллагьасул лагъзал руго, хун хадурги Аллагьасде руссине руго. Я, Аллагь, диде тІаде бачІараб балагьалдалъухъ дие кириги хъвай, хадуб балагьаздаса цІунунги те»*.

Ибну ГІабасидасан бицана, Аварагас ﷺ Мадинаялъул агьлуялда гьикъана нуж муъминзаби ругищин абун. Гьел руцІцІун чІедал, ГІумар-асхІабас абунила ругин. Аварагас ﷺ нахъеги цІеханила нужер иманалъул гІаламат щибин. Гьез абунила гІатІилъи, бечелъиялда ругеб мехалда нижеца щукру гьабулин, тІаде балагь бачІиндал сабруги гьабулин, Аллагьасул ﷻ къадаралда разилъунги рукІунин. Цинги Аварагас ﷺ абуна: **«Аллагьасул цІаралдалъун дун гьедула нуж муъминзаби руго»**, - ян.

Аллагь разилъаяв ГІумар-асхІабас Абу Муса АшгІариясухъе хъвараб кагътида батана: «Дица дуда сабруялдалъун васият гьабула, дуда лъай сабру кІиго батІияб буго, цояб цоялдаса хирияб. ТІаде бачІараб балагьалда сабру гьаби гьеб цІакъ берцинаб буго. Амма гьелдасаги хирияб, Аллагьас ﷻ хІарам гьабураб жоялде ккеялда сабру гьаби буго. Дуда лъай, сабру иманалъул бащалъи буго, лъикІлъабазул бищун лъикІаб Аллагьасукьа ﷻ хІинкъи буго, Аллагьасукьа ﷻ хІинкъиги сабруялдалъун буго».

Аллагьасул ﷻ вализабазул цоясда макьилъ Суфяну Саври вихьун вуго. Валияс гьесда гьикъун буго: «Кин дуда батараб хвалил кьогІлъи», - ян? Саврияс абун буго хвалил кьогІлъиялъул кутакалъул цІехезего цІехогейин. Нахъеги валияс гьикъун буго: «Кинаб гІамал дуда бищунго пайда гьабулеблъун батараб», - илан. Гьес жаваб гьабун буго: киналниги лъикІал гІамалаз пайда гьабуна, амма дун хІисабалдаса хвасарлъиялъе сабаб ккана, дир вас хвараб мехалда дица Аллагьасе ﷻ гІоло сабру гьаби. ТІадегІанав Аллагьас дида абуна: **«Дуда кІочонищ тараб дица дур рекІел канлъи нахъе вачарав мехалда дуца сабруги гьабуна, дие щукруги гьабуна? Мун а, дица дур мунагьалги чурана, дур лъикІал гІамалалги цІикІкІинаруна, дур даражаги борхана»**.

Гьединго, рукІуна сабру гьабизе бегьуларел бакІалги: мисалалъе, Аллагьасул ﷻ дин гІодобегІан гьабулеб бугони, хІакъикъияв гІалимзабазде шайихзабазде мекъаб рагІи абулеб бугони, гьединазда хІакъаб рагІи абизе тІадаб буго. Аллагьас ﷻ нилъ нигІматазухъ щукру гьабулел, балагьазда сабру гьабулел БетІергьан разияв лагъзаллъун гьареги.





## Какие чуриялъул арканал

1. **Ният гьаби.** Ният гьабизе ккола гьумер чуриялда цадахъ ракІалъ. КІалалъ гьабизе суннатаб буго.
2. **Гьумер чури.** Гьумер чурула халалъухъе, нодоялъул тІасияб рахьалдаса байбихьун, нилъадул кІиябго ракьа данделъулеб бакІалде щвезегІан. ГІеблъухъе - цояб гІиналдаса цояб гІиналде щвезегІан. Ризаб мегеж бугони, лъим гъорлъе ине кколаро, масхІу гьабуниги гІола.
3. **Гьуждул (рукьаби) чури.** Гьуждул чуриялде гьорлъе уна киналго килщалги, гІункІрукь бакІалги. БетІералда масхІу гьаби. БатІалъи гьечІо расалда букІа, тІомалда букІа. ХІатІал чури, хІатІихинкІалгун цадахъ.
4. Киналго арканал тартибалда гьари.

## Какие чуриялъул суннатал жал

1. Къиблаялде вуссин.
2. АгІузу бахъи, шагьадат битІи, хадуб бисмиллагь бахъи.
3. Сивак бахъи.
4. КІалалдаги мегІералдаги масхІу гьаби. Лъабго нухалъ кІиябго цадахъ гьабизе лъикІаб буго. РагІа-ракьанде щун гьабизеги лъикІаб буго, кІал ккун гьечІебгІан мехалъ.
5. Чуризе кколеб бакІалдаса тІадегІан гьумерги, кверalги, хІатІалги чури.
6. ТІубараб бетІералда масхІу гьаби.
7. ТІасанги жанисанги гІундул чури.
8. Ризаб мегеж килщаз бикьизаби гьоркьобе лъим щвезабун.
9. ТІоцебе кваранаб, хадуб квегІаб чури.
10. Щибаб лага лъабго нухалъ чури.
11. Нахъисеб лага цебесеб бакъвалалде чури.
12. Лъим исрап гьабунгутІи.
13. Какие чурун хутІараб лъим гьекъей.
14. Какие чурун хадуб бихьизе гьабураб дугІа цІали.

## Какие чуриялъул карагьатал жал

1. Чурулеб лага лъабгоялдаса дагь яги лъабгоялдаса цІикІкІун чури.
2. ТІоцебе квегІаб чурун хадуб кваранаб чури.
3. Лугбуздаса лъим тирщи.
4. ГІузру гьечІого лугби рацІцІин.
5. ГІузру гьечІого цогидас лъим тІей.
6. Хъубаб нажасалъул тІираби рачІунеб бакІалда какие чури.
7. Лъел исрап гьаби.
8. Пахьалъул цІарагІалда жаниб бакъуца хинлъизе гьабураб лъеца какие чури, ай багІаралал улкабазда.

# ЦЕРЕХЪАБАЗУЛ КУЧІДУЛ

УНГЕ, ЛЕ, ЦІОРАЛДЕ!




**Аваразул миллиябгун культурияб автономиялъ биччан буго къватІибе «Церехъабазул кучІдул» абураб, киналго чабхъадулазул хІакъалъулъ хъварал халкъиял кучІдул данде гьарураб тІехь. Бищунго ЦІоралде гІагараб ва гІемерал чабхъадулазул ватІан нилъер жамагІат букІинги хІисабалде босун, нижер редакцияда лъикІаблъун бихьана гьеб тІехьалдаса росун рищунго лъикІал гІадал асарал газеталда рахъизе, щайгурелъул киназухъего щоларо гьеб къанагІатаб тІехь. Чабхъен цоги магІарулазего гІадин, нилъер районалъеги буго нилъер тарих. Гьал асаразулъ буго тарихги, халкъияб кІалзул гьунарги данде гьабун. Кьолеб буго нужер диваналде.**

ТІехьалда лъун руго магІарул поэзиялда жаниб жидеца хасаб бакІ кколел, «церехъабазул кучІдул» абураб цІаралда гьоркь халкъалда гьоркьор машгьурлъарал шигІрияб асарал. Гьезда гьединго абула «чабхъеназул кучІдулиланги». Церехъабазул кучІдулин гьезда абиялъе гІилла буго гьезул гІемерисел сайигъат гьарурал рукІин халкъалда жанир жидер цІаралги ишалги машгьурлъарал пуланал бодул бутІрузе. Гьединаллъун ккола Балахьуниса Мусал ГІадалав, ГІашилтІаса Гъази, ГІортІаколоса АхІмадилав, КІатІихъа ШагІбан, ТІиндиса Денга, Унсоколоса Гелега, ГІусманил НурмухІамад ва ЧІегІерав ХІожо (ХІажимухІамад), ХарачІиса Рекъав Ражбадин ва МухІамад, Хунзахъа Нуцал-хан, ГІумма-хан ва ХІажимурад, ХъахІабросулъа ХІусейн, ЦІатІанихъа Хъайитмаз ва гь.ц.

Церехъабазул кучІдузул аслияб темалъун ккола XVI гІасруялдаса байбихьун XIX гІасруялъул кІиабилеб бащалъиялде щвезегІан магІарулаз батІи-батІиял ракьазде, хасго ЦІоралде, гьарулел рукІарал рагъулал сапаралги чабхъеналги. Гьел кучІдул сокІкІараб заманги гьезул авторалги тарихалъ цІуничІо. Гьединлъидал гьел лъугьун руго халкъияллъун.

МугІалимзабазе, цІалдохъабазе ва магІарул адабияталъул къимат гьабулезе.

МагІарулазул къалул поэзиялда хасаб бакІ ккола «церехъебазул кучІдуца». Цо-цо мехалъ гьезда «чабхъад аразул кучІдулиланги» абула. Халкъалда гьоркьор «церехъабазул» абураб цІаралъ цолъизарул, гІадатаб куцалъ, къокъагун чабхъад вахъарав пуланав багьадурасул бицунел кучІдул. Гьениса бачІараб буго гьезул цІарги – «церехъабазул кучІдул». Чабхъен гІуцІарав къокъадул бетІерасул цІаралдалъун батІа гьабула цояб кечІ цоялдаса: «Рекъав Ражбадинил кечІ», «ГІашилтІаса Гъазил кечІ», «ГІумма-ханиде гьабураб», «Мусал ГІадаласул кечІ», «ХІажимурадил кечІ» ва гь.ц.

«Церехъебазул кучІдул» абураб цІаралда гьоркь ругел шигІриял асарал рухьарал руго батІи-батІияб заманалда, гьенир загьир гьарула хасияталъул ва сокІкІараб заманалъул рахъалъ цоцаздаса рикІкІадал тарихиял лъугьа-бахъинал. Гьедин, церехъабазул кучІдузде гьорлъе, балагьараб мехалъ, унел руго ЦІоралде гьарурал чабхъеназулги, гьанжесеб Азербайжаналъул ракьалда рукІарал ханлъабазул («ГІашилтІаса Гъазил кечІ») аскаралгун дагъистаниязул тунка-гІусиялъулги хІакъалъулъ кучІдул ва нахъа заманалъул Кавказалъул рагъазул лъугьа-бахъиназул хІакъалъулъ (масала, «ХІажи-Мурадил кечІ») бицарал асарал.

Гьединлъидал «церехъабазул кучІдул кко额ро цохІо Гуржиялъе гьарурал чабхъеназул бицарал кучІдуллъун. Амма гьебго заманалда «церехъабазул кучІдузул» циклалда аслияб бакІ ккола «ЦІоралъул кучІдуца». Гьезул гІемерисел дунялалде рачІин бухьараб буго Дагъистаналъулги Гуржистаналъул гьокьорлъабазул тарихалда.

ЦІакъ цебесеб заманалде уна магІарулазулги гуржиязулги экономикиял, политикиял, маданиял гьоркьорлъаби. Цоцазулгун гьункарал, мадугьаллъиялъулал бухьеналги чІезаруларо, цо нухалъ гуреб гьез цолъизабулеб букІараб жидерго къуват къватІисев тушманасде данде. Тарихалъ нилъее таманал мисалал тун руго гуржиязги магІарулазги гьарурал гьединал цадахъал церерахъиназул. Масала, XII гІасруялъул байбихьуда Ширваналда магІарулалги гуржиялги цадахъ къеркьолел рукІана селжукazул къавмазде данде.

Дагъистаналдаги Гуржистаналдаги гьоркьор киданиги къотІичІо дармилгун экономикиял бухьенал. МагІарухъа Гуржиялъе бичизе унаан квасул ххамал, гІандадерил буртаби, маххул къайи, ярагъ, гьоко-тодул алат ва гь.ц. Гуржиялъа босун бачІунаан ххамил батІи-батІияб тайпа, цІам, ханжо, мазгар, чагъир, гІаракъи ва ц.

Политикиялгун экономикиял бухьеназ квербакъулеб букІана кІиябго халкъ культурияб рахъалъги гІагарлъизе.

X–XI гІасрабаздаса байбихьун гуржи ракьалдаса Дагъистаналда лъугьана тІибитІизабизе христиан дин, гуржи хъвай-хъвагІай. Гьелдаго цадахъ кІиябго халкъалъул гІамал-хасияталъулъги, рукІарахъиналъулъги, сангІаталъулъги руго гІемерал релълъарал рахъалги.

Амма хадусел гІасрабазда Дагъистаналда ислам дин тІибитІиялъ ва гьеб щулалъиялъ асар гьабуна кІиябго халкъалда гьоркьор рукІарал рухьеназе. Бусурманаб магІарул жамагІаталда жанир рукІана цо-цо гІадамалги, къокъабиги, къавмалги ЦІоралде гьарулел чабхъенал гъазаватлъун рикІкІунел, гьел ислам диналъ мунагьлъун къабул гьаруларин абулеб пикруялда хадур рилълъарал.

ГІалимзабазул пикруялда рекъон, магІарулаз ЦІоралде чабхъенал гьаризе байбихьараб заманлъун ккола гІага-шагарго XVI гІасру. Гьел чабхъеназул аслияб мурад букІана ракьал рахъи, давла, боцІи бикьи, асирал рачин, мукІур гьабураб агьлуялда тІад магъало лъей.

ГІадатаб халкъалда жаниб чабхъеназдехун букІана батІи-батІияб бербалагьи. МагІарулазул цо къадаралъ гьел къабул гьарулароан, щайгурелъул чабхъен букІана цІакъ хІинкъараб, бусурман халкъалде данде кколареб тадбир: гьеб тІобитІулаго, чІвалаан, лъукъулаан, хІатІа асирлъудецин кколаан цо-цо гІолохъаби. Гьеб букІана эбел-инсуе, чІужу-хъизамалъе, гІагарлъи-тухумалъе кІудияб балагьлъун.

Гьале, мисалалъе, чабхъаде арав вокьулев гьенив чІванин абураб чегІераб хабар рагІарай ясалъ рикІкІарал рагІаби:

**– ХІерав инсухъ гуро рокьи букІараб,**
**Рокьи бугеб хергъу хапун рагІула.**
**Хан вацазухъ гуро балай букІараб,**
**Балай бугеб лачен чучун рагІула.**
**Вай, дунги цІумани, цІобалъул Аллагь,**
**ЦІоробе гІебеде гьава гьабизе.**
**ЦІудулги тІинчІани, мун ТІадегІанав,**
**Закаталанибе руссен гьабизе.**
**ГІазу тирун байги доб Туплисалде,**
**Дур магьидул рукьби рукьуд кьвегІило.**
**ЦІад гІисинаб байги нахъ Ширваналде,**
**ЦІадал лъадал цІела рахъарал берал.**
**Гьури пуйге, Аллагь, нахъ Ширваналде,**
**Гьороца чучила чиллайдул михъал.**

Чияр ракьазде гьарулел чабхъенал хІинкъараб, магІна гьечІеб тадбир букІиналъ батизе ккола магІарул халкъалда гьоркьор рижарал гьединал абиялги кицабиги: «Давла хуриса кьеги. Хвел бусадаса кьеги», «Бол хабар бицараб бод вухІаги», «Чабхъадул боцІи чабхъаца уна», «ЦІурахинкІазулги лъикІаб букІунаро бо», «Я гІарцул чванта цІела, я салул гвангвара цІела» ва гь.ц.

МагІарулазул чабхъенал рукІана цогидал халкъазеги, хасго гуржиязе, кІудияб балагьлъун: рикьулел, чІвалел гІадамал, рухІулел росаби, пасат гьабулеб боцІи-панз, магІишат ва гь.ц. Гьелъ бижизабулеб букІана кІиябго мадугьалаб халкъалда гьоркьоб тушманлъи, рокьукълъи, загІип гьарулел рукІана гуржиязги магІарулазги гІасрабаз гІуцІун рукІарал дармилал, экономикиял, маданиял, инсанасулал бухьенал.

КІиябго халкъалъе чабхъеназул бугеб инжитлъиги квешлъиги бичІчІулел гІадамаз хІаракат бахъулеб букІун буго гьеб сурукъаб иш магІарулазул жамгІияб гІумруялда жаниса тІагІинабизе. Цо-цо мехалъ жидерго тІаде маслигІаталъул вазипа босулаан МагІарухъ рагІи билълъарал, къадру-ас бугел гІадамаз.

Баянаб буго гьадинаб хІужа. Машгьурав гІалимчи, диниявгун жамгІияв церехъан ГІаймакиса Абубакар-хІажиясул цІарги, гІелмуги, гьунарги машгьураб букІана Дагъистаналъул гІурхъаби рахунги.

Цо нухалъ иргадулаб хІажалдаса Гуржиялъул ракьалдасан ватІаналде тІадвуссунев Абубакар-хІажияв, ГьерекІли-ханас жиндихъе гьоболлъухъе ахІун, чанго къоялъ гьесие кІудияб хІурмат-хатир гьабула. Гьединаб хинаб, инсанасулаб дандчІваялдаса нечарав ва тамашалъи гьабурав магІарулас гьикъула гьалъул магІна щибилан.

Гьелда данде ГьерекІли-ханас гьесда абун буго магІарулаз ЦІоралде гьарулел чабхъеназул кІудияб заралги балагьги бугин гуржиязе ва гьикъун буго Абубакар-хІажиясда, гьесул диналъ къабул гьабулищан гьединаб иш.

Гьабуларин абун буго магІарул гІалимчияс, гьеб цІакъ какараб жо бугин исламалда жаниб.

Гьебмехалъ ГьерекІлица гьарун буго Абубакар-хІажиясда магІарулазда гьоркьоб вагІза-насихІат гьабейин чабхъенал тезе, гьездаса инкар гьабизе.

Гуржиязул ханасул гьариги къабул гьабун, рокъов тІадвуссарав Абубакар-хІажияс чабхъеназде дандечІун, гьел какун, гьезул бугеб мунагьалъул, заралалъул бицун, хвезегІан вагІзаби, насихІатал гьарулел рукІун руго МагІарухъ.

Чанго гІасруялъ чияр ракьазде тІоритІулел рукІарал чабхъеназ рес букІинчІо магІарул кІалзулаб адабияталъе асар абичІого тезе. Гьедин, халкъалда гьоркьор рижана гьезул бицарал харбалги, гьел реццун ахІарал кучІдулги, сокІкІарал абиялгун кицабиги.

Чабхъеназул темаялъе сайгъат гьарурал прозаялъул асарал гІемер гьечІо нахъе хутІун, щай гурелъул гьел лъицаниги ракІаруларoан, хъваларoан, ва, кочІоде данде ккун, прозаялъул асар рекІелъ щулаго чІоларoан. Амма, гьелъухъ балагьичІого, гьезул цо-цоял жеги тІиритІун руго магІарулазда гьоркьор. Масала, захІмат вуго жакъа ватизе «ХІожол ХІожоги гуржиявги» абураб халкъияб хабар лъаларев чи. Гьединго халкъалда жанир жеги машгьурал руго Мусал ГІадаласул хІакъалъулъ биценалги. Гьале гьезул цояб:

**«Мусал ГІадалав абун цІакъ цІар бугев цо цевехъан вукІанила. Цо нухалъ ЦІоралде инев вукІанила гьов. БежтІа-тІомродасазде[1] хадув гьунила.**

**Гьоз нахъе хъамунила, нижеда цадахъ вилълъунгейилан.**

**Дир зарар щибан гьос гІемер гьарун, гьесул гІемер гьардеялде балагьун, гьез гьев цадахъ вачанила.**

**Щванила Алазан рагІалде, лъачІила гьозда рахине.**

**Дида хадур рилълъайиланги абун, Мусал ГІадалав вахун анила.**

**Гьел гьалмагъзаби, хъарахъ-гьветІалъул чІегІерлъи бихьаниги, хІинкъулаанила.**

**Асдайилан абуни щибго хІинкъиго лъалароанила. Цинги, цо сахав таватиязул чиги ккун, вачІанила гьев. Ас гьозде абунила, майин, майин, гьаб сайигъат дир, гьабги босун, нуж айин.**

**Гьосул гьунаралде балагьун, мун щивилан гьикъанила гьоз.**

**Гьос абунила Балахьуниса Мусал ГІадалав вугилан.**

**Гьебмехалъ, Мусал ГІадалав абигун, хІинкъарихххун лъугьанила гьол».**

Бер речІчІизабураб мехалъ, ракІалде ккола гІемерал ругилан церехъабазул хІакъалъулъ кучІдул. Гьезул цІаразухъ балагьун гьеб, унго-унгоги, гьедин буго.

Гьале гьезул цоцоя, чабхъенал гІуцІарал машгьурал церехъабазе рецц гьабун, сокІкІарал: «Рекъав Ражбадинил кечІ», «КІутІил МухІамал кечІ», «Мусал ГІадаласул кечІ», «ТІиндиса Денгал кечІ», «ГІусманил НурмухІамадил кечІ», «ГІалибулатил кечІ» ва гь. ц.

Амма, кІвар кьун киналго текстал цІалараб мехалъ, бихьулеб буго хІасилалъул рахъалъ гьел цоцазде цІакъго гІагарал рукІин, цоцоялин абун цого кочІол версиябилъун ратула. Масала, гьединаллъун ккола Рекъав Ражбадинил хІакъалъулъ ругел кучІдул. Гьезул лъала чанго вариант.

Церехъабазул кучІдузулъ аслияв багьадурлъун вукІуна халкъалда гьоркьоб жиндир цІар арав, къадру-къимат бугев цевехъан – чабхъадул гІуцІарухъан. Гьесин хитІаб гьабулеб магІарул жамагІаталдехун, гІолохъабаздехун гьел иргадулеб чабхъаде рахъинаризе:

**Рахъа, гІолохъаби, доре Гьолоде**
**ХъахІилаб Алазан багІар гьабизе!**
**КъачІай, гьудулзаби, нахъа ЦІоралде.**
**Капураб Гуржистан бида белъине...**

Гьенибго чІванкьотІун загьир гьабула чабхъадул мурадги:

**Цо магІарулазул гьитІинб къокъа**
**Къокъана ЦІоралде, Гуржистаналде.**
**Гуржиязул боцІул давла гьабизе,**
**Тавати мусудул асир гьаризе.**

Нилъер халкъалда жанир кидаго машгьурал рукІана церехъабазул кучІдул. Щайгурелъул гьезул аслияб пикрулъун ккола рагъулъ бихьизабураб бахІарчилъиялъи кІодо гьаби, магІарулазул бихьинчилъиялъе, рагъулаб гьудуллъиялъе ва гьунаралъе рецц ахІи. Хасго гьеб рахъалъин гьел кучІдул гьанжеги машгьурал ругел магІарулазда гьоркьор.

**АхІмад МУРТАЗАГІАЛИЕВ,**
**филологиял гІелмабазул доктор**

[1] ТІомродисел (тІоморал) – ЛъаратІа мухъалъул жамагІатазул цоялъул вакилзаби.

УНГЕ , ЛЕ, ЦIОРАЛДЕ !

## «ОНУГЕ ЦIОРАЛДЕ[2], ЦIАРАБ ГIАРЦУЛ КУН...»

Онуге[3] ЦIоралде, цIараб гIарцул кун,
Мун ЦIоралде ани, цIоролин керен.
Геруге ГIараби[4], гIундул кьокъаб бацI,
Дуца ГIари герун гирула магIу.
Борхатаб магIарде
мун щвараб мехалъ,
Щвайги дун ракIалде, кIогеги чIезе.
КIкIалал гъваридалъуй
лъугьараб мехалъ,
Къайги дун каранда, квен билълъунгеги.
МугIрулги чучаги дир гьудуласе,
Чанги ракI чучараб рагIи биценин.
Щобал гьарагIлъаги[5] дир гьалмагъасе,
Чанги къваридай дун гIатIид гьаюнин.
Ясални берцинал доб Белеканир[6], –
Гьоболго ккаравдай, гьудул ккаравдай?
Вакъундай хутIана, къечондай вуго,
Къадеквен щванадай дир гьудуласе?
Йир гьобол[7] гурилан нахъедай чIвана,
МагIарулав абун рагьладай[8] тана?

## ГIУММА-ХАНАСДЕ[9]

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин
Хайбаралде[10] гIунтIун цIар рагIарасул,
ЧIахъаял, кIалъаге гьунар ахIизин
Доб Мадинаялда рохел лъурасул.
Хайбаралде гIунтIун цIар рагIи гурищ,
ЦIоралъул ханзаби дудаса хIинкъи?
Доб Мадинаялда рохел лъей гурищ,
Гьоб ПиргIанил уммат[11] дудехун буссин?
Меседил гьиндиве гьавурав лачен,
Гьунаразе вахъа дове ЧIарахъе[12]
Гьунар Бичас кьурав ГIалил Зулпукъар[13],
КьотIаризе вилълъа капурлъиялде.
Вахъайилан абе, ТIалтIа[14] ГIумма-хан –
Галамал[15] рихxулеб барадалъул[16] хер,
Сангарал тIутIулеб, румаб гIарада[17].
Хвалчай чарамазул боялги гьарун,
Маххулъан бер баккун,
хунз цадахъ рачун,
Боде гIакълу кьолев ГIалискандигун[18],
ГIакълу камиллъарав Беццав Чупангун[19],
Дайтилалги рачун, угъузилалгун,
ЦIоралъул хIал лъалел, хIинкъи тIагIарал,
Регьун таманчаби рачлихъги рахъун,
БацIил лълъулдул ругел
хъирмалги[20] росун,
Хъузхъузда ругьунал истамбулалгун[21],
ТIад тарихал хъварал дугъалги[22] росун,
Маххда рукъарулел, къанккун чIоларел,
КIанцIун чан толарел чуялги рекIун,
Гьорлъе журан унел байрахъчагIигун,
Вахъун ун ГIумма-хан
ХIурахъ рештIиндал,
Бугъий цIакъаб тана тушманзабаца.
ГIурухъ чадиразул хъахIлъи бихьидал,
ТIолго нур сун ана Гуржисталналъул.
Вахъун ун ГIумма-хан
ЧIарахъ рещтIиндал.
Бубуди хехлъана тушманзабазул.
ГIажав-хан, ГIакълу-хан,
Камали[23] рачун,
Мугъазда пажал[24] ран, пилил бо бачун,
Гавази[25] мавргун[26], Мухрани[27] хангун,
Ханзабазул аскар цадахъги бачун,
КъватIив вахъанила Типлисалъул шагь,
ГIумма-хан вухIизе чол боги бачун,
Вахъун щварав хункар капурлъи бачун,
Гьиналъул кавуда[28] тарих хъвалилан.
Чилъи бугелщинал цадахъги рачун,
Похъица[29] щулъарал чуялги рекIун,
Черхалда берчIвани, гIадан хIинкъулел,
ХъахIал маккал гIадал, кьолдаби ретIун,
Бакъул нур ссун унеб ярагъги борчун,
Мискиналщиназе садакъаги кьун,
Лъудби ругелаца цIаралги тIамун[30],
Кьулгъу цIалун, ярагъ черхалдаги бан,
Хириял дугIаби хвалчабазда хъван,
Щвана гьолодисел Алазаналде:
– Ассалам гIалайкум, Хунзахъ ГIумма-хан!
– Ва гIалайкум салам, чIарлъул бахIарзал!
– ЦIоралдаса давла дуй насиблъаяв,
Давлагун рукъалде мун лъикI вачаяв.
Азарго гIурцIмаТIа хазинаги къан,
Нусго вараниде месед бакIарун,
Кутакаль рахъулел хъулбузде гIунтIун,
Кьоазар рекIарав цадахъги вачун,
Щвана Ширакалде[31] дов Ибрагьим-хан[32],
Вахан[33] бахъулезе хIал кьезейилан.
Я доб Вахан-хъала, доб Гумуш[34]-хъала
ГIали, ГIумарида[35] рахъизе кIвечIел,
Рахъун боде кьурав нуцаласул вас.
Вахан-хъала бахъун, хъузхъул гъурарав,



Гумуш-хъала бахъун, асир гьабурав.
Доб ПиргIанил уммат гьалаг гьабурав,
Дов ГьерекIлил улка[36] кверде босарав,
Киналго ханзаби хIатIикь тIамурав,
Тушманал шагьарал цIадуд рухIарав,
Магърибмашрикъалде цIар дур рагIарав,
ЦIоралъул лъимада бицен дур лъарав,
БагIар ГIарасалде[37] гIурхъи кьабурав.
Гулла алхунарев, хер рагьаларев,
Салиянил[38] боял ракьалде рарав.
Хвалчен чучуларев, чу свакаларев,
ЛатIип-пашал кьокъа къаникь букъарав,
Къанал хIажат гьечIо багъадурасе.
Ханзабазулги хан, чIваяв Надир-шагь,
Дур хабар рагIидал, лугбал сорорав.
Халкъалъе кIудияв къажаразул шагь,
Дур боган[39] гIунтIидал, гьанцIун сорорав.
Дуниял къалъулеб, Къапалъул мегIер,
КъватIиб чадир чIвайдал, бер гIураб дуе.
Горалилъ бегулеб аздогьодул ракI,
Мун вуссунгегиян гьарарал хвайги.
Бодул шагьараздe шагь шагьараздe,
Щибаб шагьаралде расулги тIамун,
АхIдезе рекIана чIваяв имансиз:
«Типлисалъул каву рагьун тейилан,
Кавудаса хIосал рахъун тейилан.
Цо бо бачIун буго хунздерилилан,
Эзулго хан вуго ГIумма-ханилан».
Чанги хан вахъана гIатIиракьалда,
Пулаво кванален, чалтуг[40] белъунел,
Цо хан вахъун вуго хунздерил ТIалтIа
Харица галамал зодихъе ралев.
Маххул сверани\u0433и, гулмул толарев,
ГанчIил гьаруниги сиял толарев
Гьесда хадур ругел гьел гIолохъаби,
ЦIадай кIанцIизеги нахъе кьаларел,
ГIумар, ГIусмание напакъа кьечIел.
Накалда квер кьабун как биххулезде
Биччан тараб хвалчен хунздерил ханас
ГIажуж–мажужалъул[41] гIорхъуде швегIан.
Жанив гьиндив вукIун туманкI рехани,
Тулписалъул ханги жанив вахчарав.
Биххаги, падишагь, дур месед-гIарац,
КъватIив ТIалтIе вахъун
кIалдин[42] хъвагIани.
Телавури[43] каву жинца кьотIулеб
НагIлаби шушайги Ахтал[44] хвалчадул.
Гьакил двари буго доб Дербенталда
Дагъистаналъул хан хун рагIулилан,
Топил рохел[45] буго Гуржилъиялда
Ханзабазул ханас дунял танилан.
Бакъги цIакъ бухIулеб ЧIарталанубе[46],
ВухIаниш, ГIумма-хан, хинаб гьороца?
ЦIадги тирун балеб мажгитул кIалтIе,
Аралищ хIарухъун хIинкIарцул гъуждул?
ГIумма-ханил мисри[47] босноб биндал,
ЦIоралъул гьулдуца чIегIер бачIодай?
Ханасул мусудул Гьолоде швеfдал,
Гьулдузул чундуца магIу тIечIодай?
Кьолден сверун къалел кIалдаби рорчун,
Къаси рахъун арал АхIматIханилал,
Къварилъухъ рорчунел хвалчаби рухьун,
ХIатIилгIицIго арал хIарзал дурцал.
ЧIабар якъуталъул, къед киражалъул,
ЦIаруе гъугъаян – гьой дур КIилъилай.
ЧIалу меседилаб, рихьи гIарцулаб
ТIун гIодобе аян – арай ХъистIаман.
ГIумма-ханил чадир чоде чIван бугин,
Чу лъие кьололеб, вай ГIалибулат?



Нуцаласул дугъал къеда ран ругин,
КъватIир щал рахъунел, АхIматIханилал[48]?
Цо гIайибни ккана ГIумма-ханасда
КIолаго капурлъи квинчIого тедал.

**Цойги...**

Дур хабада бугеб киражалъул[49] къед
Капуразул харид чIегIер белъайги.
Дур хабада чIвараб меседил зани
Азнавурзабазул[50] гуллид борлъаги.
Хвеларев, хвеларев, лачен ГIумма-хан,
Хьиндалазул богун ЦIорда ватила.
Хвезе ресго гьечIо шагь ГIабасил вас,
ХIалаж ГIабдулагьгун[51] гьакълид ватила.
Хьиндалазул богун мун ЦIордалъидал,
ЦIар бугел дур боял щайзе рихxулел?
ХIалаж ГIабдулагьгун мун гьакълиддлъидал,
ГьерекIлил чукъбуца рохел щай лъолеб?
ЧIарахъ гьоболасул гьайбатаб гьекъел[52],
Хер гьоркьоб жубараб, гьоцIо рагIараб,
Гьуинищ бихьараб, ГIумма-хан, дуда?
Дуе рекIкI гьабурав ЧIарахъа гьобол
ЧIаго дунялалда эхетугеги!
Хер кьезе ургъарай АхIматIил ГIашат
ГIажалалъул унтуд турайги босной!
Гьолокьа бахъараб ЦIолокь щвезегIан
ЦIалаца бухулеб чагъар[53] тIагIаяв,
ЦIороса бахъараб Мосокиб[54] гIунтIун
Хунжица бухулеб дулугъ бегаяв.
БоцIи къваригIунищ мун ЦIоров арав –
БоцIухъ щай бичичIеб Гьолокь магъало?
ЦIар къваригIунищ мун
къватIив вахъарав –
ЦIаруе щай инчIев Истамбулалде?
Хунзахъа ЦIорое цIалад кьотIигIан
ЦIолбол чагъир босун чагIи рачарав,
ЦIоралдаса нахъе Хунзахъе щвегIан
Чуязул тIваркъиялъ тIалу басарав.
МоцIрохъе ЦIор халеб цIахIил гIаларча,
ЦIоралде балагьун хIихIилеб буго.
ЦIвайихъ нух бачунеб
дур гурда[55] хвалчен[55],
МагIидаги далун, гIодилеб буго.
Меседил карталде[56] карпит жубарав,
Картгун махIрумлъаяв, дур хIалчIахъаяв!
Кавуялда нуцIби резалъул гъурав
Яцал-ясал хваяв, лачен ГIумма-хан!
Дур гIиял кваналеб гьоб ЗагIиб бакълъи
ТIун гIодобе айги, канлъи Нуцал-хан!
Дур чуял тIамулел Гьолокь байдаби
Зодихъе кьвагьайги, дарман ГIумма-хан!
Биххаги, падишагь, дур месед-гIарац,
Щущанин нагIлаби Ахтал хвалчадул.

*Хадусеб букIине буго*

---

2 ЦIор – гьедин магIарулаз абула КIудияб Кавказалъул балада нахъа бугеб Алазаналъул жаниблъиялда, гьелдаго цадахъ Гуржисталналъулги Азербайжаналъулги ракьалда.
3 Онуге *(диал.) – унге.*
4 Геруге ГIараби (диал.) – гьаниб бахунге КIудияб Кавказалъул бал абураб магIнаялда; ЛъаратIа, ЧIарада мухъалъул гIадамаз гьеб балалда ГIурал мугIрул абула. ГIари яги гIвари ккола гьеб балалъул габурлъи.
5 ГьарагIлъаги *(диал.) – ритIалъаги.*
6 Белекен (Билкан) – ЦIоралда некIсияб магIарулазул кIудияб росу, гьанже Азербайжаналъул шагьар, Билкан районалъул марказ.
7 Йир гьобол – бакIалъул гьобол, бакIалъул чи абураб магIнаялда.
8 Рагьлада *(диал.) – рагьда, къватIив.*
9 ГIумма-хан (I76I–I80I) – магIарул нуцал.
10 Хайбар – ГIарабисталналда букIараб шулияб жугьутIазул шагьар, хъала.
11 ПиргIанил уммат – капураб уммат, бусурбаби гурел чагIи.
12 ЧIар – ЦIоралъул магIарулазул тарихияб марказ, гьанже гьелъул бакIалда ран руго Закатала шагьар ва гьебго районалъул ЧIар росу.
13 ГIалил Зулпукъар – МухIамад аварагас ГIали асхIабие кьун букIараб кIигIаркьелаб хвалчен, жиб ГIалил буюрухъалда рекъон ралъдалъе рехараб.
14 ТIалтIа – Хунзахъ ханзабазул гьундул (хъала) букIараб бакI.
15 Галан – росаби сверун щулалъиялъе гьабулеб букIараб къед.
16 Барад – тункIил хер.
17 Румаб гIарада – гIарадаялъул цо тайпа, гьаниб византиялъул гIарада абураб магIнаялда.
18 ГIалисканди – ГIумма-ханил кIудияв вазир, ГьоцIалъа ГIалиханил вас, рагъул цевехъан ва дипломат.
19 Беццав Чупан – ГIумма-ханил бодул бетIер, гIакълучи. ГIумма-ханил яцалъул рос. I774 соналда МухIамад-нуцал чIван хадуб бодуе бетIерлъи гьабурав, гьеб Шамахалдаса нахъе бачарав чи.
20 Хъирим – тункIил тайпа.
21 Истамбул – тункIил тайпа.
22 Дугъ – гьитIинаб байрахъ.
23 ГIажав-хан, ГIакълу-хан, Камали – Кахетиялъул пачаясул хъулухъчагIи.
24 Паж – хъош.
25 Гавази – ГIумма-ханица лъабцIул бахъараб хъала. Гьеб букIана Гуржисталналъул Къурели (КЪварели) районалъул кIудияб гуржиязул Гавази (магIарул мацIалъ – Гуваз) росулъ.
26 Мавра *(гурж.) – моурави, рагъулав цевехъан.*
27 Мухрани – гуржиязул киназал Багратиони-Мухраниясул мина-карт букIараб бакI.
28 Гьиналъул каву – Хунзахъ букIараб ГIумма-ханасул гьин (хъала).
29 Похъ – пурчIина.
30 «Лъудби ругелаца цIаралги тIамун…» – рагъде иналде магIарулал, лъудбузул цIаралги тIамун, гьедулел рукIун руго чIаго тIадруссинарилан. Руссани, рогьоги букIунеб букIун буго, лъудбузда цIарги ккoлеб букIун буго.
31 Ширак – Къарби-гIоргун (гIурус. – Иори) Алазаналдаги гьоркьоб бугеб авлахъ.
32 Ибрагьим-хан – Гъарабагъалъул (Шушаялъул) хан, ГIумма-ханил яц Бахтикал рос, ПанахI ГIалибегил вас.
33 Вахан – БакътIерхьул Гуржисталналда, Картлигун Имараталъул гIорхъода, рохьаз рацарал мугIрузда бугеб щулияб хъала. Гьеб ккoлаан киназ Евген Абашидзел ракьазул марказ. I785 соналда ГIумма-ханица гьеб хъала бахъана ва киназил яс Дарежан (Дарижа) жиндиего чIужулъун ячана.
34 Гумуш – гьанжесеб Гуржисталналъулгун Эрменисталналъул гIорхъода букIараб ГьерекIли КIиабилесул хъала, гIарцул магIданалда тIад бараб. I785 соналъ, Ахалцихалдаса гIарадабиги рачун, ГIумма-ханица бахъараб. Гьениса чуяца, гIурцIмаз баччун букIун буго гIемераб магIдан. ТIалтIа, кIудияб михирги тIад бачун, лал тIамун буго. КочIолъ Баху бикаде абун буго: «ГIарцул лал тIамурав шагь ГIабасил яс» абун.
35 ГIали, ГIумар – халипал.
36 ГьерекIлил улка – пача ГьерекIли КIиабилесул ракь, Картли ва Кахет.
37 БагIар ГIарас – Аракс гIорул гIаркьел.
38 Салиян – гьанжесеб Азербайжаналъул къирбалаб рахъалда бугеб шагьар ва ракь. ГIумма-ханица ичIго моцIалъ сверун ккураб ва бахъараб шагьар. Салияналъул кинабго харж ГIумма-хание кьезе ккoлеб букIун буго.
39 Боган – бо, чабхъен.
40 Чалтуг – бацIцIад гьабичIеб пиринчI.
41 ГIажуж-мажуж – Азиялъул шималияб рахъалда гIумру гьабулеб букIараб кIиго гIалхулаб къавм. Гьез нугIлъи гьабула Къиямасеб къоялъе. ГIажуж-мажужаз гIумру гьабулеб букIараб бакI ккола гьанжесеб Тибеталъулги Моноголиялъулги территория.
42 КIалдин – магIарулазда гьоркьоб XVIII – XIX гIасрабазда цIар букIараб хвалчен.
43 Телавури (Телави) – Гуржиялъ бугеб шагьар.
44 Ахта (Ахта-хан) – Иранaлъул Агъа МухIамад-хан Къажар. Надир-шагьас гьесие чол балъ (ахта) гьабун букIун буго. ГIумма-хание гьес кьураб меседил хвалчен букIун буго тIад нагIлабиги лъураб – гьеб буго Ахтал хвалчен.
45 Топил рохел – гIарадабазул салют.
46 ЧIар ва Тала – гьанжесеб Закаталъул районалъул кIудиял магIарул росаби. Цебехун гьеб цIаралдалъун лъалаан ЦIоралъул магIарулазул хIукумат.
47 Мисри – хвалчадул тайпа.
48 АхIматIханилал – жунгутдерил ханзаби.
49 Кираж – гач.
50 Азнавур (азнавурзаби) – гуржиязул къо-асс бугеб тухумалъул чи, киназ.
51 ХIалаж ГIабдула – Билкан жамагIаталъул XVIII-б гIасруялъул ахиралда рагъулав цевехъан ва ХIалажал абураб, рагIи билъараб тухумалъул бетIер.
52 I80I соналда, биценалда рекъон, Ганжаялъул хан Жавад-ханица гIарац кьун ХIалаж ГIабдулал гъараваш тIамун йиго загьру кьезе, ва гьелдаса хун вуго ГIумма-хан. ГIабдулацаги гьей хаду чIаго кIудияб хьагиний елъун йиго. Викъун вуго ГIумма-хан Закатала районалъул ЧIар росдал мажгиталда аскIов.
53 Чагъар – лагъзал.
54 МосокIал – Гуржисталналъул бакъбаккуда бугеб Тушет ракьалда (ЦIумада районалъулгун гIорхъода) гIумру гьабун букIараб къавм (гIурус. – бацбийцы яги цова-тушины). Гьанже гьез Кахеталъул лъарагIлъиялде гочун, АхIмитI районалъул Земо Алвани росулъ гIумру гьабула. МацI вайнахазул (хасго гъалгъаязул) бугониги жалго насраниял (христианал) ккола.
55 Гурда – магIарул хвалчадул тайпа.
56 Карт – рукъ, азбар.

НУЖЕР КАГЪТАЛ



**Редакциялде рачIунел кагътазда жанир гIемер рукIуна кучIдул. Гьаб номералда кьолел руго гьезул цоцоял цIалдолезул диваналде, лъикIал квешал хал гьабичIого. Руго батIиял районаздаса ритIун рачIаралги. КъватIисан гьалбазул къиматги гьабун, щибаб пикруялъе бакI кьолеб нижер гIадатги цIунун, цебе лъолеб буго иргадулаб кучIдузул гьумер. Щивав чиясул къимат батIи-батIияб букIунелъул, къимат кьезе нижеца цIалдолев толев вуго.**

# ЦIалдолез хъвалеб буго ...

## Дун жеги чIаго вуго

Рокъовги къваригIинчIев, къватIиб хIажат кколарев
Черх херлъиялъ къуларав, дун жеги чIаго вуго
Цаби-гIусал дагьлъарав, квералги тIуртIудулев
РакIалда жо чIоларев, дун жеги чIаго вуго.

Къуват чорхол дагьлъарав, канлъи лъикI бихьуларев,
ГIундузда рагIуларев, дун жеги чIаго вуго.
Унтаби гIемерлъарав, гIузраби гьарзалъулев
РакI хIалтIулеб букIиналъ, дун жеги чIаго вуго.

МахIабазда хIал гьечIев, хIалтIуй бажари гьечIев,
Макьие гьира бугев, дун жеги чIаго вуго.
Сахал къоял хIажатав, гьел дагь гурони гьечIев
Би хьвадулеб букIиналъ, дун жеги чIаго вуго.

Мадугьаллъуй рихарав, гьалмагълъуда кIочонев,
ХIурмат-адаб дагьлъарав дун жеги чIаго вуго.
Садакъа хайраталъе сахавалъиги гьечIев,
Мавлид-зикру дагь бугев, дун жеги чIаго вуго.

Какий кIарчамлъи ккарав, кIалалъе гьира гьечIев,
КIвахIалго дин гьабурав, дун жеги чIаго вуго.
Гьобол-гьудул дагь щолев, зиярат гIемер гьечIев,
ЛъикIаб гIамал мукъсанав, дун жеги чIаго вуго.

Къуръан хIадис цIаличIев, бецIлъиялда хутIарав,
Гьелдаса пашман вугев, дун жеги чIаго вуго.
Дир гIакълу къваригIинчIев, бицун хIасил кколарев
Ахираталъул рокьов инчIого хутIун вуго.

МагIишат берцин бихьун, черхалъе гIакъуба кьун,
Хъизан-лъимал хьихьарав, дун жеги чIаго вуго.
Алжан щвезе хьул бугев, гьеб щолеб гIамал гьечIев
ЖужахIги бокьуларев, дун жеги чIаго вуго.

КIикьоялда анцIила анлъго соналъ лъай кьезе,
Школалда хIалтIарав, дун жеги чIаго вуго.
Дида ращадал хвана, хабада хер бижана,
Хвалий хIадурлъаниги, дун жеги чIаго вуго.

Вуссунареб сапаралъ ине заман щваниги,
Къоял лъугIуларого, дун жеги чIаго вуго.
Аллагь дун рази вуго, рецц Дуе даим буго,
Дунял тун унеб мехалъ, иманалда рухI босе.

Ахираталъул канлъи, камун тоге, БетIергьан,
Дур цIоб гIатIидаблъидал, гурхIа Аллагь мун дида.

**МУХIАМАДОВ Насрулагь-хIажи,**
**Хадиял росу**



## Хварал росуцоял

ГIабдурахIманица хIалтIиги гьабун,
ГIадамал хIалтIизе куцараб росо.
ГIабасил МухIамад лесникги вукIун,
Рохьал цIуниялъе цIар араб росо.

Зайнудин дибирас сабабалги хъван,
Гьесул дарабаца цIунараб росо.
ХIажи-НустIапаца гьобоги къачIан,
Гьесул сахлъи цIунун кваналеб росо.

ХIандов Салманица тIохалги къачIан,
Къаварал къабизе куцараб росо.
Камалудиница гIачи-бачазе,
ГIорхъи чIезабураб чIухIараб росо.

Рамазан гIадинан кьижунги вукIун,
Макьилъ бокьал рараб кваранаб росо.
ТIинав ГIали гIадин гIияде ине,
ГIусбан ракьалдехун вусинчIеб росо.

Набиюлагьица лъудбиги рачун,
Гьезулгун битI ккечIеб бухIараб росо.
Вай дир Гьиндухъ росо, гьитIинаб росо.
ГьитIинаб цIорилан цIар тараб росо.

**ИБРАГЬИМОВ ГIалибег-хIажи**
**Гьиндухъ росу.**

## Босе къаралазул бухIараб салам!

Зодосан чваххулеб цIадгIан гIемераб,
ГIурдада бижулеб хергIан гьарзаяб,
ЛъаратIисезул васалгун ясал,
Босе къаралазул бухIараб салам

**1957 абилеб соналдаса нахъе Гьиндиб росулъа МахIачев ГIабидги дунги цадахъ цIаларал, гьеб къоялдаса нахъе вацлъиялда рукIарал чагIи рукIана. Гьев хванилан рагIидал дица гьаб назму хъвана. Дунги унтарав херав чи вуго. Бегьулеб батани бокьилаан нужер газеталда гьаб назму бахъизе.**

Аравищха ГIабид мунги ракьулъе,
Дунялги жибго тун ахираталде?
Таравищха гьудул дуца дун гьанив?
Дунги кватIиларо, хадув вачIина.

КIикьоялда анцIго соналда жанир
Нилъ вацал рукIана цIакьго хириял.
РикIкIад ругониги ракIал гIагарал,ъ
НамусгиияхIги чорхолъ цIунарал.

Мун хвараб къоялда банисан магIу
Дир гирун араб куц бихьараб ани,
Хабадаса тIаде вахьинаан мун,
Дир къимат къадруяв МахIачев ГIабид

Дур васал МахIачгун ГIашикъ, МухIамад
Аллагьас сахлъи кьун роххун хутIаги,
Биччан те гвангъараб гьезул гьурмада
Гьими гуронани бихьунгутIизе.

ХIава сахлъиги кьун йоххун хутIаги,
Ясалъе бокьухъе дунял битIайги.
Дир саламан абе вацасул чIужу,
Хабаде щварабго гьев дир вацасда.

Гьиндиб тIалъиялда тIегь камугеги,
ТIолабго жамагIат боххун хутIаги.
Дир вацлъун вукIарав МахIачев ГIабид
Алжаналда жанив нурлъун гвангъаги.

Агьи-угьиялда дунялги гьабун,
Гьабурабщинаб жо гьанибгоги тун
Унел руго чагIи ахираталде,
ТIокIалъ нахъруссине рес гьечIеб рокъор.

Лаилагь илаллагь ахIули дица,
ЦохIо Аллагь гурев тIокIав гьечIилан,
Лаилагь илаллагь ахIула дица
ЦохIо эбел гурей тIокIай гьечIилан.

Аллагьги эбелги кIочон таразда
Алжанул нур байги чIаго рукIаго.
Я Аллагь, БетIергьан, дур хIалкIвеялъухъ,
Дур хIикмалъиялъухъ, кIодолъиялъулъ,
КIудияб гIакълудухъ, нахъ гIунтIиялъухъ,
ГIалам хIайранлъараб дур рахIмуялъухъ.

**Саламгун захIматалъул ветаран,**
**ЧIарада районалъул Дусрахъ росулъа**
**МУХТАРОВ** ХIажи.

## Президентасде

Рамазан моцIалъул цIар берцинав вас,
Дагъистан халкъалъул канаб бакъул нур.
Аллагь малъарарв, гIакълу камилав,
ТIадегIанав инсан дуе баркала.

ГIанкъра борхьаз цIу-цIун рухI лъугIилалде,
Дагъистан хвалдаса хвасар гьабурав,
Халкъалъе эркенлъи майилан кьурав,
Михъал кьурарав вас, кьейги дуй талихI.

ВатIан цIунун чIарал чIухIарал васал,
Борхьил загьру щундай загIиплъункарал?
ГIарцухъ ричунросун, намус бичараз
Рехун тун батила хирияб ВатIан.

Эбел йокьулезе бокьула гIалам,
Эбел цIунулеца, цIунула ВатIан.
Гьелъул унти бихьун, хвел гIагар батун,
Ватила, Рамазан, мун хьолбохъ чIарав.

Загьруялъ кIортарал сахлъизаризе,
БоцIуца мехтарал ригьинаризе,
ВатIан цохIо букIин, цо эбел йикIин,
Намус бичаразда бичIчIизабизе.

«БоцIи чурун унин, чилъи хутIулин,
Чорокал ишаца инжитлъи кьолин,
Халкъалда рагIараб Расулил улка,
Кин нужеда кIвараб малакь мерхьине?»

Гьаз дур суалазе жаваб кин кьолеб?
Киналго кIарщулъ къан хутIун ругелъул?
Ричун щварал хъулхъаз, гьерсил дипломаз,
Мехтарал рукIана чIухIун хьвадулел.

Лъай бугелщиналги лагълъуде рачун,
Гьаваялда гьазул букIараб кьурди.
Законал халкъалъе, гьазий эркенлъи,
Кинабго букIана мун вачIинегIан.

Цебе президентасул цIар бахъарабго,
Рокьукълъи бижулеб гIадат букIана.
Мун президентлъун вачIараб мехалъ,
Бижана божилъи, щаклъи гьорлъ гьечIеб.

Намус биларазда ияхI бекьулев,
ЦIогьол хIел-хIелчагIи, чорокал ишал,
Чирахъул канлъухъе нахъехамулев,
ВатIаналъе кьеги мунгIадал васал.

Бихьула дур къилбал-Вижарасул нух,
РитIухълъи, намус-яхI, хIалтIулъ тарбия.
Иман сабру чорхолъ бессарав инсан,
Халкъалде дур баркат буго чваххулеб.

**МухIамадова ПатIимат**
**Хунзахъ район, БакьайчIиб росу.**

## Аллагьасде гьари

Я Хирияв БетIергьан
ХIалкIолъи бугев Аллагь,
Гьаре ниж гIаламаллъун
Гьаре Мун разиявлъун.
Гьаре иман бугеллъун
Гьаре инсап бугеллъун,
Гьаре Мун вокьулеллъун
Гьаре Дуй рокьулеллъун.
Гьаре адаб бугеллъун
Гьаре сабур бугеллъун,
Напсалда кьили базе
Кье, Аллагь, дуца къуват.
БоцIуй лагълъи гьабулел
Гьаруге Аллагь дуца,
Илбисалъ квегъулеллъун
Гьаруге Аллагь дуца.
Мун вецсизе кьураб кIал
Дуй хIелизе кьураб мацI,
Цойги батIияб пиша
Бокьулеллъун гьаруге.
БоцIи-рикьзи хиралъун
Гьелда хадур хачадун,
ГIорцIи гьечIел берал кьун
Рижугеги БетIергьан.
Аллагьас кьураб рикьзи
Баракатаби батун,
ГIибадаталъе кьезе
Кьураб гIумру батаги.
Чохьой лагълъи гьабизе
БоцIи-панз бакIаризе,
ХIалал-хIарам лъалареб
Кьоге БетIергьан гIумру.
Кье гIумру дуй хIелизе
Кье дуй лагълъи гьабизе,
Иманалда гьаб дунял
Толеллъун гьаре Аллагь.
Умумузул хабаде
Нух кIочарал ратуге,
Гьарурал лъималазда
Нилъ кIочарал ратуге.
ЖужахI хIарамгьабурал
Алжан насиб гьабурал,
БетIергьан хириялллъун
Рижун ратаги Аллагь,
Я Аллагь гIорцIугеги
Я Аллагь ракъугеги,
ЖужахIалъул цIадуе,
Рижарал ратугеги.
Аллагьасул рахIму-цIоб
Гьарзаяллъун ратаги,
Аварагасул баркат
Насибаллъун ратаги.
ГIорцIи гьечIеб рикьзи кьун
Бечелъизе гьавуге,
ХIелхIелчилъун гьавуге
ХIакимчилъун гьавуге.

**Мазадаса ЖАБРАГIИЛ**

# ДОКЛАД

## председателя комитета экономики Гитинова Тинамагомеда Магомедовича

## на заседании райадминистрации 25.02.2014 г. «Об итогах социально-экономического развития МО «Тляратинский район» за 2013 год и прогноз развития района на 2014 год.



*Краткое изложение.*

Уважаемый президиум, уважаемые коллеги и приглашенные!

Вопросы, связанных с социально-экономическим развитием района, особенно подведение итогов работы за год, по степени своей значимости всегда были и остаются наиболее актуальными и фундаментальными для муниципального образования.

Социальная политика муниципалитета охватывает фактически всю сферу жизненно важных позиции деятельности и быта населения. Это и медицина, образование, культура, спорт, агропромышленный сектор, жилищно-коммунальное хозяйство, предпринимательская деятельность, социальная защита и обеспечения населения, занятость населения, пенсионное обеспечение, молодежная политика, связь, почта, энергоснабжение, дорожное и лесное хозяйство, охрана окружающей среды. И в зависимости от того как мы с вами делаем эти вопросы, зависит быт, благосостояние, уровень жизни, настрой и настроение людей, что немаловажно доверие населения к власти.

Думаю, не зря наш глава Республики Рамазан Гаджимурадович часто подчеркивает в своих выступлениях о необходимости вернуть утраченное доверие людей к власти. Для этого, он подчеркивает, власть должна решать насущные проблемы людей сегодня, а не откладывать их на завтра.

Справедливости ради хочу отметить, что руководители нашего района правильно понимают значение социальных программ для развития района серьезно и требовательно относится к составлению и исполнению текущих и перспективных планов социально-экономического развития района. В настоящее время в Правительстве РД и профильных министерствах имеются две программы развития нашего района.

Первая называется - «Социально-экономическое развитие приграничных районов», где основной приоритет рассматривается развитие дорожного хозяйства, энерго и газо снабжения приграничных районов.

Вторая программа « Экономическое и социальное развитие МО «Тляратинеский район» на 2014-2018 годы». В эту программу включены строительство объектов здравоохранения, образования, культуры, спорта, агропромышленного комплекса, жилищно-коммунального хозяйства, водоснабжения, пробурение артскважин, берегоукрепительные работы, туристическо-рекрационных мероприятия. В эти программы включены пока 148 мероприятий социальной направленности из них 51 запланированы провести в зоне отгонного животноводства.

В инвестиционную программу развития района на 2013г. заложены средства в размере 303 мил.703 тыс. руб, это почти два раза больше, чем в 2012 году и это безусловно заслуга Рамазана Гаджимурадовича, который уделяет особое внимание нашему району. Благодаря этим средствам мы в 2013 году завершили строительство переходящих из года в год объекты; школа с пришкольным интернатом и спортзалом на 170 мил.руб. поликлинику на 120 посещение в смену в с. Тлярата на 56 мил.руб. водопроводв с. Албания на 13 мил.руб.134 тыс.руб., первый этап водопровода в с. Тлярата на 59 мил.456 тыс. руб., провели водопровод Маали-Хорта-Гебгута-Аликолоб -34 мил.руб. завершено строительство ФАПов в сел. Гиндиб, Гебгута, Кособ всего 12 мил.руб. Начато строительство типового здания ясли-сад в сел. Тлярата стоимостью 130 мил.рублей на 140 мест. Начато строительство типовой школы в сел. Шедрин стоимостью -105 мил. 605 тыс. рублей, завершено пробурение артскважины в СПК XX!! –Парт съезд на сумму 9.5 мил. руб., начато строительство артскважены в с. Калининаул стоимостью 10 мил. руб.

Построена автомобильная дорога до села Кардиб стоимостью 42млн. 850тыс.р, в село Начада 23млн. 873т.р, село Хидиб-Гебгуда–Нойрух стоимостью 86млн.259тыс.р. За счет местного бюджета проведена работа по водоотводу в с.Тлярата - 2,5 млн.р, построен ФАП в с.Хидиб - 2,7млн руб, приобретена мебель,оборудование,постельная принадлежность для учреждений дошкольного образования стоимостью 6млн.руб.

В последнее время активно начали вливать свои капиталы в инвестиционные программы и наши предприниматели,так, за счет средств депутата народного собрания, Джамала Омаровича и Рамазана Мансуровича в с. Анцух асфальто-бетонный завод стоимостью более 25млн.руб, предприниматель Кебедов Абас Раджабович покрыл асфальтом дорогу Хамаматюрт-Ибрагим-отар более 6км, построил мечеть, потратил на эти цели более 45 млн. руб. За счет средств руководителей хозяйств построена молочно-товарная ферма в КФХ «Тинчуда» на 1000 голов, откормочная ферма на 1000 голов, откормочная площадка на 1000 голов в Хасанай, откормочная площадка ПК «Чорода» на 300 голов и.т.д, потратив на эти цели более 60 млн.рублей.

Экономика района представлена в основном сельским хозяйством. Сельское хозяйство главное направление специализации экономики района многоотраслевое, но с ведущей ролью животноводства (на базе земель отгонного животноводства, преимущественно в личном подсобном хозяйстве) с развитием горно-долинного садоводства, с возрождающимся зерновым хозяйством.

В 2013г. проделана работа по развитию с/х района. Проведены работы в трех хозяйствах, очищены каналы протяженностью более 40 км. В первые в истории района созданы племенные хозяйства по разведению Дагестанской горной породы овец ПК «Камчатка» Камилухской с/администрации и СПК «Джурмут» Герельской с/администрации. Из федерального бьюджета на поддержку овцеводства получены субсидии в размере 6млн.340тыс.руб. По программе начинающий фермер 5 грантов на сумму 5млн.520тыс.руб. По программе мелиорация получили субсидии на сумму 4млн.663тыс.руб. По программе улучшения жилищных условий сельских специалистов 2млн.892тысюруб, из них молодым специалистам 1млн.493тысюруб.

Бюджет района в целом за 2013г по доходам при плане 547 млн.695тыс.руб. выполнен на 553млн.238тыс.руб или на 101% в т.ч. собственные доходы при плане 12млн.406 тыс.руб. выполнен на 18млн.548тыс.руб, или на 140%.

Численность населения с денежными доходами не ниже прожиточного минимума в % к общей численности населения в 2013г. составила 85% против 57% в 2012г. Население района на 01.01 2014г. составила 28тыс.927чел, в т.ч. в административной границе района проживает 16тыс.949чел. Естественный прирост населения составил 587 чел.

В инвестиционную программу развития района на 2014 год включены следующие объекты:

1.Водопровод в с.Тлярата 2-этап 10млн.руб.

2.Артекважина Калинин-аул 6млн. руб. Берегоукрепительные работы вдоль реки Джурмут на 36млн.руб, асфальтирование рай.центра в с.Тлярата-15млн. руб, включена в программу, но пока по ним не принято правительством республики Дагестан решение:

1.Провести дорогу Ланда-Харада-Балагита.

2.Водопровод Кутлаб-Камчатка.

3.Водопровод в с.Укал.

4.Дорога Жажада-Хотлоб.

5.Водопровод в с.Чадаколоб

6.Водопровод в с.Ланда.

7.Водопровод в с.Цумилух-Рособ-Нитицух.

8.Водопровод в с.Никар-Сикар.

По итогам социально-экономического развития среди горных районов наш район в 2011году занял 3-е место и получил грант 1млн.600тыс.руб, в 2012 году заняли 2-е место и получил грант 1млн.800тыс.руб.

Вместе с достигнутыми успехами у нас все еще масса не решенных проблем, задач. В масштабе среднереспубликанского уровня мы пока относимся к слабо развитым муниципальным образованиям, к депрессивным районам. Мы отстаем по позициям доходы на душу населения реализации товаров и оказании жилищно-коммунальных и бытовых услуг на душу населения, у нас высокий уровень бюджетной дотационности более 20% населения, более 15% населения имеют доходы ниже прожиточного минимума, более 15% населения живут в ветхих и аварийных домах. Материально-техническая база большинства учреждений образования, здравоохранения, культуры, спорта у нас слабая. Остро стоит вопрос оснащения строительной техникой дорожное хозяйство, есть большие проблемы, особенно в зимний период с бесперебойных обеспечением населения электричеством, водоснабжением, водоотведением, все эти моменты, проблемы отражены в наших программах. Нам нужно только объединить наши усилия, знания, опыт и работать на благо развития нашего района.

Для выполнения поставленных задач нам в принципе ничего не мешает, наоборот в лице главы Дагестана, нашего земляка Рамазана Гаджимурадовича у нас есть мощная поддержка.

Благодарю за внимание.

25.02.2014г.

**ГИТИНОВ Тинамагомед**

# ИНФОРМАЦИЯ

**Государственное бюджетное учреждение Комплексный центр социального обслуживания населения в муниципальном образовании «Тляратинский район» информирует, что центр оказывает гражданам пожилого возраста и инвалидам, оказавшимся в трудной жизненной ситуации, следующие виды услуг:**

**1. УСЛУГИ, ПРЕДОСТАВЛЯЕМЫЕ НА ДОМУ ГРАЖДАНАМ ПОЖИЛОГО ВОЗРАСТА И ИНВАЛИДАМ, НУЖДАЮЩИМСЯ В ПОСТОРОННЕЙ ПОМОЩИ ВСЛЕДСТВИЕ ЧАСТИЧНОЙ УТРАТЫ СПОСОБНОСТИ К САМООБСЛУЖИВАНИЮ**

**Услуги по организации питания, быта и досуга:**

покупка и доставка на дом продуктов питания, горячих обедов покупка и доставка на дом промтоваров, медикаментов, приготовление пищи, влажная уборка жилых помещений;

доставка воды, топка печей, содействие в обеспечение топливом, (для проживающих в жилых помещениях без центрального отопления и водоснабжения);

содействие в организации ремонта, обработки приусадебных участков, сдача вещей в стирку, химчистку, ремонт и обратная их доставка;

содействие в оплате коммунальных услуг, содействие в организации предоставления услуг предприятиями торговли, связи, КБО и другими предприятиями, Содействие в обеспечении книгами, журналами, газетами, помощь в написании и прочтении писем, чтение газет, журналов.

**Социально-медицинские и санитарно-гигиенические услуги**

обеспечение ухода с учетом состояния здоровья, содействие в проведении медико-социальной экспертизы, помощь в социально-медицинской реабилитации;

содействие в обеспечении по заключению врачей лекарственными средствами и изделиями медицинского назначения

содействие в обеспечении по заключению врачей лекарственными средствами и изделиями медицинского назначения,

сопровождение обслуживаемых граждан в лечебно – профилактические учреждения;

содействие в госпитализации нуждающихся в лечебно-профилактические учреждения и их посещение в целях оказания морально-психологической поддержки;

Содействие в получении мед. помощи в объеме террит.программы гос. гарантий оказания гражданам РФ в РД бесплат. мед.помощи в государственных лечебных учреждениях;

оказание комплекса санитарно-гигиенических услуг: **(платные)** -(обтирание, обмывание, гигиенические ванны, стрижка ногтей, причесывание, смена нательного и постельного белья);

консультирование по вопросам социального обслуживания, оказание психологической помощи;

содействие в получении зубопротезной и протезно-ортопедической помощи, а также в обеспечении техническими средствами ухода реабилитации;

**Правовые услуги:**

оказание помощи в вопросах пенсионного обеспечения, предоставления других социальных выплат (фотографирование для документов);

содействие в обеспечении получения установленных действующим законодательством мер социальной поддержки; содействие в получении юридической помощи и иных правовых услуг.

Организация ритуальных услуг (при отсутствии родственников)

*Продолжение на стр.7*

БАРКАЛА

# Армиялдаса кагъат

Редакциялде бачIана ЛъаратIа росулъа гIолохъанчиясе баркала кьун гьесул командирас армиялдаса битIараб кагъат. Хъвалеб буго ГIалиев Абуязидил хIакъалъулъ. Армиялда хъулухъ гьабулаго гьес жигарчилъи ва гьунар бихьизабулеб бугин, рагъулаб хIадурлъиялъулъ ва цIалиялъулъ лъикIал хIасилал рихьизарулел ругилан. Хъулухъ гьабизеги гьев жиндиего бокьун гIарзаги хъван ун вуго. ГьитIирго эменги хун хутIарав Абуязид кIудияв гIезавуна эбелалъ. Рагъулаб хIадурлъиялъул гурел, Абуязидица лъикIал хIасилал рихьизарулел руго спорталдаги.

Гиря борхиялъулъ рахъалъ рагъухъабазда гьоркьор батIи-батIиял къецазда цересел бакIал росана гьес. Рагъулав командирго гIадин, гIагарлъи, росуцоялъ ва гьудул-гьалмагъзаби роххарал руго Абуязидидаса ва хъул буго гьев реццалъе мустахIикъав гIолохъанчи нилъ хадуркькунги таваккалал ишаздалъун ва кIвар бугел тадбираздалъун роххизариялда.



СПОРТ

# Вацал-гугарухъаби



Кебеков ШагIбан



Кебеков Вали

**Кебеков Вали ва ШагIбан ккола Начада администрациялъул ХIокъоб росулъа. Гьезул эмен ГIумархIажи вукIана махшалида гугарулев спортсменлъун, амма нахъа чи вукIинчIо, гьединлъидал ГIумархIажица кIвар кьуна васал гугариялде ругьунлъизе тIад чIей гьабизе.**

ГIолохъаби школаги лъугIун цIализе ана ва гугариялда тIад чIана. КIиявго вац вахъана Дагъистаналъул чемпионаллъун. Вали 58 кг цIайиялда, ШагIбан 76 кг цIайиялда. КIиялго рахъана СКФОялъул чемпионаллъунги.

2013 соналъул 14-17 ноябралда Сахалиналда тIобитIана Россиялъул чемпионат.

Кебеков ШагIбаница ккуна кIиабилеб бакI. ГьабсагIат кIиявго вац цеве вахъулев вуго Дагъистаналъул командаялда греко-римскияб гугариялъул рахъалъ.

Биччанте гьел кIиялго вацазул бергьенлъаби гьарзалъизе, кьеги гьезие щулияб сахлъиги ва хаду-хадур бергьенлъабиги. Нижеца халккун буго хадусел бергьенлъабазухъ.

**ЧАКЪАЛОВ**

# Дунялалъул чемпион



**ГIабдулхаликов Шамиль ХIайбулаевич гьавуна анцIабилеб январалда 1989 соналъ ЛъаратIа районалъул ЛъаратIа росулъ.**

Школаги лъугIун Шамиль цIализе лъугьана ДГПУялда, гьенив 2000-абилеб соналдаса нахъе байбихьана спорталде кIвар кьезе, ай правилаги гьечIеб рагъуе хIадурлъизе. 2004-абилеб соналъ вахъана Дагъистананалъул чемпионлъун, 2007-абилеб соналъ вахъана чемпион кубка Черного моря, 2008-абилеб соналъ вахъана чемпион России рукопашный рагъул рахъалъ, 2010-абилеб соналъ вахъана чемпион России «РКО ФК» турниралда. 2013-абилеб соналда Курск шагьаралда тIоритIарал къецазда 84кг цIайиялда вахъана дунялалъул чемпионлъун ва щвана бергьенлъиялъул рачелги. Баркула лъаратIизесда ракьцоясул бергьенлъаби ва гьарула гьесие хаху-хадусалалъе чIахIиял бергьенлъабиги.

**ЧАКЪАЛОВ**

# НитIиицухъа боксерал



ХIажимухIамадов Расул

**ХIажимухIамадов Расул ХIамзатович гьавуна 1994-абилеб соналъ ЦIумилухъ администрациялъул НитIиицухъ росулъ. 2011-абилеб соналъ ЦIумилухъ гьоркьохъеб школаги лъугIун, цIализе ана Краснодар краялда Кубаналъул пачалихъияб университеталде. ГьабсагIат гьев ккола лъабабилеб курсалъул студент. Школалда цIалулаго бокьулаан гьесие спорт. Гьес тIадчIчIей гьабулеб буго боксалда тIад.**

2013-абилеб соналъ Краснодар краялъул чемпионаталда Расулица тIоцебесеб бакI ккуна 81 кг цIайиялда гIолилазда гьоркьоб. 2013 ва 2014 соназда гьес тIоцебесеб бакI ккуна тIолгороссиялъул «класс А» кубок «Спартака» турниралда. ТIоцебесеб бакI ккуна Юг Россиялъул къецазда. Россиялъул къецазда I9-20 сон барал гIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна 81 кг цIайиялда.

2014 соналъул февраль моцIалда гьес гIахьаллъи гьабуна Венгриялда тIобитIараб халкъалда гьоркьосеб турниралда ва тIоцебесеб бакI ккуна ракIчIарал бергьенлъабиги росун. РачIа цадахъ лъугьун гьаризе гьасие чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби.



ХIажимухIамадов Муслим

Бокьилаан гьединал гIолилал спорткомитеталъ ва администрациялъ кIодо гьаризе.

ХIажимухIамадов Муслим ХIамзатович гьавуна 1997 соналда ЦIумилухъ администрациялъул НитIиицухъ росулъ. ГьитIинго байбихьана гьес ДЮСОШалда боксалъе ругьунлъизе, гьесул гьира бихьун тренерасги цIикIун кIвар кьуна гьесде. Гьав къокъабго заманаялда жанив вахъана районалъул чемпионлъун, хадубго тIоцебесеб бакI ккуна 1997-98 соназда гьарурал гIолилазда гьоркьороб Югалъаб Россиялъул чемпионаталда 75 кг цIайиялда. Ккуна тIоцебесеб бакI ХIайдарбег ХIайдарбеговасул турниралдаги.

ГIемерал турниразда тIадегIанал бакIал ккуна Муслимица, амма 2014-абилеб соналъул февраль моцIалда Дагъистаналъул чемпионаталда 1997-98 соназда гьарурал гIолилазда гьоркьов чемпионлъун вахъана 81 кг цIайиялда. РакIалда ккола вацасдаса нахъе ккун Муслим чIоларин. Кьеги гьасиеги тренерасеги тавпикъгун сахлъиги хадусел рукIинесел бергьенлъабазда.

**ЧАКЪАЛОВ**

# ИНФОРМАЦИЯ

*Начало на стр. 7*

**Услуги, предоставляемые отделением консультативной и срочной социальной помощи гражданам, находящимся в трудной жизненной ситуации (срочное социальное обслуживание предусматривает оказание разовых услуг остро нуждающимся в социальной поддержке):**

Обеспечение одеждой, обувью и другими предметами первой необходимости;

Оказание материальной помощи;

Содействие в предоставлении временного жилого помещения;

Обеспечение бесплатным горячим питанием или продуктовыми наборами;

Организация экстренной медико-психологической помощи;

Содействие в трудоустройстве;

Организация юридической помощи иных правовых услуг;

Консультирование по вопросам социального обслуживания.

**II. УСЛУГИ, ПРЕДОСТАВЛЯЕМЫЕ В ОТДЕЛЕНИИ ДНЕВНОГО ПРЕБЫВАНИЯ ГРАЖДАН НАХОДЯЩИХСЯ В ТРУДНОЙ ЖИЗНЕННОЙ СИТУАЦИИ**

**1.Услуги по организации питания, быта и досуга:**

Обеспечение горячим питанием;

Предоставление постельных принадлежностей и спального места в специальном помещении, отвечающем санитарно-гигиеническим требованиям;

Предоставление книг, журналов, газет, настольных игр;

**2.Социально-медицинские услуги:**

Организация лечебно-оздоровительных мероприятий;

Содействие в проведении реабилитационных мероприятий (медицинских, социальных), в том числе для инвалидов на основании индивидуальных программ реабилитации;

Обеспечение санитарно-гигиенических требований в жилых помещениях и местах общего пользования.

**3. Содействие в получении образования и (или) профессии инвалидами в соответствии с их физическими возможностями и умственными способностями**

Создание условий для дошкольного воспитания детей и получения образования по специальным программам; Создание условий для получения школьного образования по специальным программам;

Проведение мероприятий по обучению доступным профессиональным навыкам в целях социально-трудовой реабилитации, восстановления личностного и социального статуса;

Оказание помощи в оформлении документов (в том числе фотографирование документов).

Содействие в получении юридической помощи и иных правовых услуг.

**Редактор** М.БисавгIалиев
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 800 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 14.03.2014